

# Rairo DzaGabrieri Kuna Dhanieri



Ishe vakuropafadzei, hama. Mangwanani akanaka, shamwari. Kuri kupisa zvikuru, kuva mutabhenakeri mangwanani ano, asi kubwinya kukuru kuva pano. Ndinofara kwazvo kuti takwanisa—takwanisa kupinda muno nhasi kuitira shumiro ino. Uye ndokutaura kuti ndichazova nekudzidza zvino pane aya *Mavhiki Makumi Manomwe ADhanieri*. Ayo anobatanidza Mharidzo yose zvayo ndisati ndakwanisa kuenda ne—neZvisimbiso Zvinomwe. Zvinova, Zvisimbiso Zvinomwe; Matenda Manomwe; Hwamanda Nomwe; Nhamo Nhatu; mudzimai ari muzuva; kudzingwa kwadhiyabhore mutsvuku; zviuru zvinezana namakumi mana nezvina zvakasimbiswa; zvose zvinoitika pakati penguva ino. Uye ndakafunga kuti ndaizofanira kuunza izvi kutanga.

<sup>2</sup> Zvino, kuri kupisa. Hatina chinangwa chekugara kwenguva yakarebesa, sezvatingangogona. Uye uno ndiwo mwaka, kazhinji, kunze kwemwaka, uyo apo vanhu vanenge vasingave nechechi nguva zhinji. Uye, kunyanya, uye vese zvavo vane makamuri ane zvinofefetedza mhengo, nezvimwe zvakadaro, umo munogarika zvakana. Tinoshuva kuti dai taiva naizvozvo, asi panguva ino hatinazvo.

<sup>3</sup> Vazhinji vemadzitateguru edu vaigara panze muzuva rinopisa. Pandinofunga nezvekukumbira ruregerero kune vanhu nekuda kwekusava nekamuri isina zvinofefetedza mhengo, pfungwa dzangu dzinogara dzichidzokera kuAfrica uko kwavaigara imomo mumadutu iwayo, uye madzimai iwayo nevhudzi ravo rakarembera richidzika nechiso chavo, vogara ipapo zvese masikati neusiku, vasingambobva panzvimo pavanenge vari; vasingadyi, kunwa, kana chinhu chipi zvacho, vogara ipapo chaipo kuti vangobata Shoko rimwe, kana maviri, pano neapo, raIshe.

<sup>4</sup> Ndinokwanisa kufunga nezve Mexico apo pakunenge kuchipisa zvekuti, zvechokwadika, ndakagara mukamuri ine zvinofefetedza mhengo uye ndikaedza kuzvifefetedza pachangu, kwaipisa zvikuru. Uye uchiona vanhu ivavo vachiuya ipapo nanine o'clock mangwanani, munhandare huru iyoyo, uye pasina zvigaro, zvekugarira. Vanhu vanorwara, vanorwara chaizvo, vari kufa, vanorwara; kenza, bundu; uye vanaamai vanorwara, vacheche vadiki, vari kufa nezvinhu zvese, vamire imomo chaimo muzuva iroro raifashaira nekupisa, pasina mumvuri chero papi zvapo, uye vakangozemberana mumwe nemumwe kubva nanine o'clock mangwanani kusvikira nanine husiku ihwohwo, kuti vangonzwa maminiti makumi matatu kuburikidza nemuturikiri, uye nokuona mabasa aIshe. Vogara ipapo uye vakamirira, vakapfeka nguwo dzekare dzinorema,

vanodzipfeka munguva yechando pamwe nemuzhizha. Ndidzo dzoga dzavanadzo.

<sup>5</sup> Uyezve ndinofunga nezvekurara kunze uko mumasango iwayo, kuti vaizounza sei vanhu ivavo vanorwara mukati, vasingakwanise kana kufamba. Uye muIndia, apo vaizoradzika mumwe chete pasi, zvadaro voisa mumwe pamusoro paiyeye, mumwe pamusoro pemumwe iyeye, saizvozvo, vane maperembudzi nezvirwere; apo pavaizovazvuvu neimomo, uye nekunze kwemigwagwa, uye vovaisa muzuva iroro rinopisa, raifashaira, remunzvimbo dzinopisa. Mumadutu, uye mheni ichipenya, uye nezvinhu zvakadaro, ivo vaizogara imomo chaimo muzuva iroro nemudutu, nezvinhu zvose, uye vorega kufamba kana kunyunyuta, kungo... uye voedza kubata Shoko rimwe raMwari, pano neapo, chimwe chinhu kuitira mweya yavo. Saka sei tichifanira kukumbira ruregerero mangwanani ano, tiine denga riri pamusoro pedu, mafeni achifefetedza? Tinofanira kunyara kana tikanyunyuta nekuda kwazvo.

<sup>6</sup> Saka ndinorangarira kwete nguva refu yapfuura, mune chimwe chitsuwa, chimwe chevitsuwa chiri kunze uko muMakungwa ekuMawodzanyemba, Ndakanga ndichiva neshumiro ikoko husiku ihwohwo. Uye, oo, kwakauya dutu. Oo, handina kumboona dutu rakadaro, kungovaima kwemheni imwe mushure meimwe, kukavheneka nyika yose. Uye kuti mhupo dzaivhuvhuta sei kusvikira miti yakanga yarara pasi chaipo. Ndikati, “Zvakanaka, vari... ndochitongobvisa hangu sutu yangu, nekuti kuchange kusina anenge ariko zasi ikoko.”

<sup>7</sup> Munguva pfupi motokari diki yakadzoka neshure kusvika pamukova, uye mumwe munhu akagogodza pamusuwo, akagadzirira kuenda.

Uye ndikati kumukomana wacho, aigona kutaura Chirungu, ndikati, “Kune munhu ariko here zasi uko?”

Akati, “Hamukwanise kunyangwe kupinda mukati sepakaita semabhuroko eguta enzvimbo yacho,” panhandare huru yebhora.

Uye ndikati, “Unoreva here kuti vanhu vari—vari kunze uko saizvozvo,” ndikati, “dutu rese iri?”

Ivo vakati, “Vari kuda kunzwa nezvaMwari.”

<sup>8</sup> Zvino—zvino saka ndakadzika zasi ikoko. Uye ikoko kwaive nemadzimai, vasikana vechidiki, vachangoyaruka, vasiri kupfipidza nekuseka, uye nokufuridza chingamu, uye vachitaura nezve shamwari dzavo dzechikomana. Shoko rose, vanongogara paRiri; uye vasingatombotsukunyuke, vongogara uye voteerera. Ita kokero yekuartari, ingodanira vanhu kuaritari, uye zviuru zvakasimuka, nemisodzi ichiyerera ichibuda kubva mumeso avo saizvozvo, nemaoko avo akasimudzwa kuna Mwari, vachida kunzwirwa tsitsi kuitira mweya yavo, vasikana nevakomana vechidiki, vane makore

gumi nemanomwe, gumi nemasere ekuberekwa. Zvino zvinoita sezvakaoma kuita kuti vanhu vakura kuti vatomboteerera, munooni. Zvi—zvinoratidza kuti hatina kana chekunyunyuta pamusoro pachu. Mwari ngavavongwe! Hongu, changamire.

<sup>9</sup> Tinoda kuva nazvo zvese zviru zvechimanjemanje sevamwe vese vemuAmerica, asi hatina kuzviwana nenzira iyoyo; saka tichangoita neizvo zvatinaivo.

<sup>10</sup> Zvino, ndine chinhu chidiki chandakacherechedza icho chandinoda kuita muno mutabhenakeri zvekare. Vangani vane maBhaibheri? Simudza ruoko rwako. Zvakanaka. Ngativhurei kuna Mapisarema 99 tisati tave nemunamato. Taiwanzoita izvi, Hama Neville, makore apfuura. Handizive kana... Matoverenga Pisarema nechekare here mangwanani ano? [Hama Neville vanoti, “Kwete.”—Mupepeti] Kwete. Ini ndinongoda kuti, ugoro, iverenge rimwe rePisarema.

<sup>11</sup> Mangwanani ano, pandanga ndakagara mukamuri yangu yekuverengera, ndichifungisisa pamusoro peMharidzo ino neShoko, ndafunga kuti, “Munoziva, zvaizova zvakanaka zvekare kuita—kuita kuti vese vaverenge Pisarema. Ndinozvifarira kwazvo.”

Chikonzero ndangononoka zvisoma, nhare yabva kure kwazvo vanga vaneni, kubva kuCheyenne, saka ndicho chikonzero ndanga ndadaro.

<sup>12</sup> Uye zvino, apo patiri kuzarura kuPisarema iri, Ndine zvimwe zviziviso zvandinofanira kupa, izvo zvandangopihwa. NdiMapisarema 99.

<sup>13</sup> “Kubva zvino zvichienda mberi, zviziviso zvese zvine chekuita nemisangano pano patabhenakeri, uye nemumbuserere, zvichauya zvichibva muhofisi yemuJeffersonville. Chero ani zvake anenge achishuva kuziva nezvemisangano anofanira kuzivisa, kana kuti kupa zita ravo pamwe nekero, uye voriisa papurupiti pakupera kweshumiro manheru anhasi. Chiziviso chichatumirwa kwauri munguva yekuti iwe uite gadziriro dzekuti ugorinda mumisangano.”

Ndokunge, kana chero munhu upi zvake mune ramangwana achida kuziva kuti tichaita misangano yacho kupi, tine hurongwa hwakagadzwa, kuhofisi kunze uko zvino, kuti unokwanisa kungoisa zita rako nekero pano. Uye isu tinozokutumira kadhi, mberi kwenguva, kuitira kuti ugozovisa uko kuri kuitirwa misangano, uye zvichida zvidzidzo zvacho, uye nezvimwe zvakananda zvinenge zviripo, kana waikwanisa kuwana mumwe mukana. Munooni, kana musina imwe nzvimbo yepamutemo yekwazvinobva, mumwe anotaura izvi uye mumwe otaura izvo, iwe—iwe hauzovinzwisisi, munooni. Saka ingoita kuti... Nyora zita rako nekero uye wozviisa kumusoro kuno, zvino Billy Paul anozovitora uye ozovigovera.

<sup>14</sup> Zvino, zvakabvunzwawo, zvekare, kana kuchazove nedzimwewo... “Hama Branham, muchave here nedzimwewo shumiro dzekupodzwa mutabhenakeri, dzine kunzvera?” Kwete. Kwete. Kunzvera kuchapihwa ne—nerimwe bhodhi redu. Tina Hama Neville pano zvino vane chipo chekuporofita, avo vanoporofita pamusoro pevanorwara uye vachizivisa kwavari zvinhu zvavanofanira kuziva. Uye tine hama inonzi Higg... Higginbotham, mumwe uyo...vaive mutirastii, vakashanda vakatendeka pabhodhi. Handisi kuvaona mangwanani ano, asi ivo kazhinji vane chipo chekutura nendimi. Uye nemumwe mudzimai mudiki anonzi Arganbright, hanzvadzi diki inodikanwa kwazvo iyo ine chipo chekududzira ndimi.

<sup>15</sup> Uye mashoko iwaya ari kuratidza kuti ndeaMwari, nekuti haasi kubuda muhurongwa, iwo anongori ari muhurongwa. Uye zvipo izvi pazvinongotanga kuwanda, tiri kuzoedza ku—kuti tiwane... kuita kuti zviiswe zvichidzoserwa muchechi, nenzira yekuzviita nayo. Uye ndiri kuzozviona nenguva isipi, uye kuitira kuti mi—kuti mi—misangano igoitwa zvakangonyatsokwana muhurongwa hwaIshe, sekugona kwedu kuzviita zvakakwana.

<sup>16</sup> Asi vanhu ava vanodikanwa, ndizvo zvinotaurwa nemuvakidzani wangu, Mai Wood, vane maikirofoni yakasungirirwa pano, uye netepi kumashure uko, kuti vatepe musangano, kungozviita nechinangwa chekuti vawane mharidzo idzodzo, uye vodzinyora pasi, uye voona kana dzakarurama here kana kuti kwete. Maona? Ndiwo maongororero avari kudziita. Ndinoziva Mai Wood kuva mudzimai akatendeka. Uye ivo vari kundiudza nezve zvinhu zvakawanda zvakataurwa, zviri kuitika.

<sup>17</sup> Zvino, saka tinotenda nekuda kwaizvozvo. Kuzorodzwa kwakadii kwandiri kumba! Apo pandinenge ndapinda mumba, ipapo...Kunzvera ikoko kuri kudivi rechiporofita kunongondinetsa kwazvo, uye, nekudaro, Mwari vakandipa kakusunungurwa kune izvozvo, kuburikidza nechiporofita, nekutura nendimi, nekuturikira, chinova chiporofita. Chinova, chiporofita, kutaura nendimi. Pane vanhu vaviri vakasiyana vanoporofita. Mumwe achitaura, mumwe wacho achinzwisisa zviri kutaurwa nemumwe mundimi dzisingazivikanwe, izvozvo chaizvo chiporofita. Uye zvino tichange...Tinazvo izvozvo mazuva ose, musangano wese pano patinenge tine mitsara yedu yekunamatirwa mumusangano.

<sup>18</sup> Zvino, pane mumwe munhu zvadaro aizovhunza, kudaro... nezve chipo. Hongu, ndichiri nacho. Asi nenzira iyoyo, nzira yoga yandinochishandisa nayo, ndeapo panhaurirano dzepakavanda, dzandinova nadzo. Uye, kudziwana, ndinotenda vanazvo pabhodhi rezviziviso kumashure uko, kuti uwane mvumo uye woisa nguva yako muhurongwa, kuburikidza naBilly Paul, mukomana wangu, kuitira pano kana kuti mumisangano iri mberi kweuno. Kunze uko muminda yekuvhangera,

chero kupi zvako, unofanira kunge uine kakadhi kadiki kaunozopihwa naBilly Paul. Kana paine chimwe chinhu muhupenyu chausingakwanise kunzwisisa, uye usingazive kuti unobuda sei machiri, uye uri kutsvaga huchenjeri hwaShe, zvararo rega...Ona Billy Paul, mwanakomana wangu, uyo anova munyori, uye anozokupa kakadhi kadiki, uye okutarira zuva, pane imwe nguva.

Uye zvararo apo patinenge tiri kuva nehurukuro idzodzo, zvino ndipo apo patinopinda pamwe chete, tichingova iwe neni. Uye kana ari madzimai anenge achiuya, munozopinda neni nemudzimai wangu. Uye zvararo iwe...Tinozooona kuti, uye totsavaga Ishe uye toVavhunza izvo zvaunofanira kuita.

<sup>19</sup> Zvino, dzimwe, nyaya diki nezvimwe zvakadaro, zvinopihwa kune Hama Neville, neHama Higginbotham, neHanzvadzi Arganbright, nevamwe vanotaura nendimi uye vachidudzira, avo vari muno muchechi.

<sup>20</sup> Naizvozvo, takafanana nerwendo. Ndinotenda aiva Jeturo, akati kuna Mosesi rimwe zuva, maona, “Ngatitorei vamwe vakuru.” “Zvino Mweya waMwari wakabviswa pana Mosesi ukaiswa pavakuru makumi manomwe, uye ivo vakaporofita. Asi kungoti bedzi zvinhu zvikuru nezvinhu zvakaoma zvaiuya kuna Mosesi ega.” Zvino, isu hatisi Mosesi, kuna ava havasi vakuru vaya, asi tichiri kushumira Jehovha Mwari, neShongwe yeMoto imwe chete ichititungamira kuNyika yechipikirwa.

Saka, zvararo, hongu, kuchava nemimwe, kuchava nemisangano uye kuchave nekududzi...Kunzvera kuchauya. Izvozvo zvichange zvichindipa mukana ipapo kuti ndive mumunamato uye nekuverenga, mazuva andinoziva kuti hurukuro idzi dzichauya, uye ndova ndakagadzirira kuve nadzo.

<sup>21</sup> Zvino rangerirai, Billy Paul Branham, munyori wedu wepabasa rekuvhangeri, achange...Zviri pane...Nhau dziri pabhodhi kumashure uko, rakaiswa nematirastii. Ndine kagwaro pano kekuzivisa izvozvo, uye kuudza vanhu kuti vanogona kuzviverenga pabhodhi rezviziviso, vachibuda.

<sup>22</sup> Zvino, zvino, mangwanani ano tine chidzidzo chikuru, uye manheru tichaedza kuenderera mberi nacho. Uye, kana Ishe vachitendera, Svondo inotevera, chimwe, machiri. Ndakanga ndisingazive kuti chakanga chakadzama zvakadini kusvikira ndapinda pakuchinzvera. Asi zvakadaro chichiri chakavanzika kwandiri, nazvino, uye saka ndiri kungovimba naShe.

<sup>23</sup> Zvino, imi mune maBhaibheri enyu, ngativhurei kuna Mapisarema 99, 99. Zvino ndichaverenga ndima 1, ungoro yoverenga ndima yechi 2, zvararo tose pamwe chete tichaverenga ndima yekupedzisira. Tinoenderera mberi; ini, 1 yacho; ungoro, yechi 2; ini, yechi 3; ungoro, yechi 4; toenda mberi kunosvika pandima yekupedzisira, uye zvararo tichaiverenga tose pamwe chete.

Tingasimuke apo patiri kuverenga Shoko raMwari. [Hama Branham neungano vanoverenga Pisarema 99:1-9 sekutaura kwavaita—Mupepeti]

*JEHOVHA anobata ushe; vanhu ngavabvunde: iye agere pakati pamakerubhi; nyika ngaizungunutswe.*

*JEHOVHA mukuru muZioni; uye ari kumusoro-soro kwevanhu vose.*

*Ngavarumbidze zita renyu guru uye rinotyisa; nekuti iro idzvene.*

*Simba ramambo rinodawo kururamisa; imi munosimbisa kururama, imi munozadzisa kutonga nekururama muna Jakobho.*

*Kudzai JEHOVHA Mwari wedu, uye munamate pachitsiko chetsoka dzake; nekuti iye mutsvene.*

*Mosesi naAroni pakati pavapisita vake, naSamueri pakati peavo vanodana zita rake; vakadana kuna JEHOVHA, uye iye akavapindura.*

*Iye akataura kwavari ari mushongwe yegore: vakachengeta zvipupuriro zvake, nemirairo iyo yaakapa kwavari.*

*Imi makavapindura, O JEHOVHA Mwari wedu: imi maiva Mwari aivakanganwira, kunyangwe imi makatsiva nekuda kwezvavaiita.*

*Kudzai JEHOVHA Mwari wedu, uye namatai mugomo rake dzvene; nekuti JEHOVHA Mwari wedu ndiye mutsvene.*

24 Ngatikotamisei misoro yedu.

Chokwadi, Ishe, Mashoko aya akanyorwa uye akanyorwa pasi nemuranda weNyu, Dhavhidhi, muPisarema kwaMuri. Imi munogara pakati pemaKerubhi. Imi muri mutsvene, uye chikomo cheNyu chitsvene. Ngatiswederei pedyo nemwoyo yedu yakasaswa neRopa raIshe Jesu, nehana yakachena, uye nekutenda nekugutsikana kwekuti tiri kuuya muHupo hwaMwari wedu. Regai vateereri vese ava mangwanani ano vave vanoremekedza. Zarurai nzeve dzedu dzekunzwisisa. Taurai kuburikidza nesu, muhuchenjeri, kuti tigoziva kuti tinozvibata sei pachedu mumazuva ano uye neMuhupo hweNyu.

25 Taizokukumbirai Imi, Mwari wedu, kuti muzarure kwatiri zvinhu izvi zvakavanzika zvakanga zvakavanzwa makore ese aya, apo patiri kuswedera kune rimwe reMashoko akanyanyisa kuperera, rine kudzikama. Imi makataura nezvazvo apo paMaive pano panyika, uye mukati, “Uyo anoverenga, ngaanzwisise.” Saka, isu nenzira ine nyasha zhinji tinouya kwaMuri, Ishe, uye totsuga huchenjeri hweNyu, tisingazivi izvo zvokunyatsotaura. Taisa muhurongwa pano Magwaro mashoma,

uye mukurevesa uye muna zvose takatarisira kwaMuri kuitira mhinduro, pasina chimwe chinangwa asi kuti tigoziva nguva iyo yatiri kurarama, kuti tive takagadzirira zvinhu zvikuru zviru mberi. HaMungazviye kwatiri here, Ishe, muZita raIye Uyo akatidzidzisa tose kuti tinofanira kunamata seizvi! [Hama Branham neungano vanonamata pamwe chete zvichienderana naMateo 6:9-13.—Mupepeti]

*...Baba vedu vari kudenga, zita renyu ngariitwe Dzvene.*

Humambo *hwenyu ngahuuye. Kuda kwenyu ngakuitwe munyika, sezvakunoitwa kudenga.*

*Mutipe nhasi uno zvokudya zvedu zvemazuva ose.*

Uye *mutikanganwire* kudarika kwedu, *sezvatinokanganwira* avo vanotitadzira.

Uye musatitungamirire kupinda *pakuyedzwa, asi mutinunure kubva pane zvakaipa: Nekuti humambo ndehwenyu, nesimba, nekubwinya, nekusingaperi. Amen.*

<sup>26</sup> Garai pasi. Zvino, kana chero varume vanoda kubvisa majasi avo, ingonzwai kusununguka. Uye avo vakamira vakapoteredza ma—mativi emadziro, kana tsoka dzenyu dzava kurwadza, handiti, ingonzwai kusununguka kubuda panze.

<sup>27</sup> Uye zvino, ndinofunga, kana vana vachida kuenda kumakamuri avo, kana kuti vatobuditswa nechekare here? [Hama Neville vanoti, “Kwete, havakwanise. Hatikwanise kuva nayo mangwanani ano, nekuda kwechaunga.”—Mupepeti] Mufudzi vanotaura kuti chaunga chakazadza makamuri, saka hatikwanise kuva neSunday school yevadiki. Uye taizofara kana imi machinda echidiki zvino maizobatirana nesu, sezvo mangwanani ano tiri kuva, kutanga Mharidzo huru, inoshamisa kwazvo iyo yandine chokwadi kuti ichareva zvikuru kwazvo kuna baba naamai vako, uye nevadikanwa venyu vari pano, uye kunyangwe kunemi vana vadiki. Saka, tinosvika kwairi nokuremekedza kwakanyanya.

<sup>28</sup> Kana Ishe vachitendera, mangwanani ano tiri kutora chidzidzo chemavhiki makumi manomwe aDhanieri. Zvino mangwanani ano tiri kutaura nezvaDhanieri ari muhutapwa, uye Gabrieri achibhururuka achipinda kuti amuraire nezve ramangwana. Apo Dhanieri paakanga ari pamunamato, Gabrieri, Mutumwa, akapinda kuti azomuraira.

Manheru ano, ndinoda kutaura nezve chinangwa chakapetwa katanhatu chekushanya kwaKe, zvidzidzo zvitatanhatu zvakasiyana zvichaunzwa manheru ano, uko kwakabva Gabrieri.

<sup>29</sup> Svondo inotevera, Ishe vachitendera, ndinoda kuisa chikonzero uye nenguva yeMazera Manomwe eKereke, uye kuti

inguva ipi yaari, uye kuti takamira papi nhasi. Ndipo paSvondo inotevera mangwanani, Ishe vachitendera.

<sup>30</sup> Zvino, chikonzero cheizvi. Ndaunza kuno zvinyorwa zvishoma kubva muMharidzo dzangu shoma dzekupedzisira. Uye mangwanani ano ndinoda kuyambukira, nekuti izvi zviri patepi yemagineti ichaenda pasi rese, nyika zhinji. Uye, nguva dzose, chikonzero ndichiidzorera kumashure, ndechekuti zvichida mumwe munhu aizonzwa tepi kari kekutanga kavo, uye anozotadza kunzwisisa izvo zvandanga ndichireva pandinotaura zvekumashure pane chimwe chinhu.

<sup>31</sup> Tave zvino nemwedzi yakawanda mukunzvera nezve Bhuku raZvakazarurwa, Chizaruro chaJesu Kristu. Takauya tichipfuura nemumazera ekereke. Zvitsauko zvitatu zvekutanga zveZvakazarurwa aive mazera ekereke. Johane akatakurwa kuenda muchadenga muchitsauko 4 ne 5, ndokuratidzwa zvinhu izvo—izvo zvaizouya mberi. Zvino, pachitsauko 6, iye anodzika pasi panyika zvekare, kuti aone zvinhu zviri kuitika izvo zvichatangira kubva pachitsauko 6, ndima 1, kusvikira pachitsauko 19 uye ndima 21. Imo muno ndimo munouya Zvisimbiso, Matenda, Nhamo, mhashu, mu—mudzimai ari muzuva, uye nekudzingwa kweshato tsvuku, kusimbiswa kwezwiuru zvinezana namakumi mana nezvina, uye nezvinhu zvese izvi.

<sup>32</sup> Rino range riri vhiki rekunzvera kukuru. Nezuro, zuva rose, handina kumbobvira ndabuda mukamuri, ndichiedza kunzvera. Uye ndechimwe chinhu munguva yekupedzisira, vazhinji veavo venguva yekare pano, avo vandakadzidzisa, ndakangoti, “Imo muno ndimo mune mavhiki makumi manomwe aDhanieri,” asi handina kuedza kuzvitanga, kuti ndizvitsanangure. Asi nguva ino, nenyasha dzaMwari, ndazvitorera pachangu kuti ndiedze kukumbira nyasha pamberi paMwari, kuti ndigozviunza kuvanhu. Uye imo muno ndiri kuwana zvinhu zvandisingazive chinhu chimwe chete nezvazvo.

<sup>33</sup> Uye, zvararo, ini—ini ndanga ndichiverenga bhuku raChiremba Larkin, bhuku raChiremba Smith, zvinyorwa zvaChiremba Scofield, tsanangudzo dzakasiyana-siyana kubva kune varume kwese-kwese, asi zvakadaro handikwanise kuisa zvavo pamwe chete kuti ndizviite kuti zviibude zvakarurama. Maona? Saka, vhiki rino ndiri kuronga kuti, ndanga ndichishanyira raibhurari yemuKentucky, pane zvimwe zvidzidzo zvakare zvenyeredzi dzemuchadenga zvemakarenda uye nenguva, uye nekutora kubva kumaraibhurari, nezvimwe zvakadaro, mabhuku ese ekare andinokwanisa, uye nekune zvishoma zvandinokwanisa kuita, uye ndiine kuvimba kwangu kwakaiswa zvakaperera muna Jesu Kristu kuti azvizarure kwandiri.



Nekuti, handizvidi kuti nditi, “Ndinoziva *izvi*, uye ndinoziva *izvo*.” Anoziva mwoyo wangu. Ari kuteerera kwandiri. Asi ndinozvida, kuti ndigojekesera vanhu vaKe, nokudaro ndinotenda kuti Achazvipa kwandiri. Handizive nazvino, asi ndiri kuvimba naYe kuitira Svondo inotevera, nekuti ndicho chichava chikamu chinoshamisa, Svondo inotevera, kuziva pamwe nekuisa mavhiki makumi manomwe iwayo.

<sup>34</sup> Rimwe nerimwe rine nzvimbo yakasiyana. Uye kana wadaro, paunopinda mazviri zvese, hazvibude zvakanaka, hazvionekwi zvakanaka. Hazvigoni. Uye, naizvozvo, ndi—ndinogona kusakwanisa kuve nazvo zvakaita zvakanaka, asi ndiri kuzovimba naIshe nekuda kwazvo.

<sup>35</sup> Uye ndinorangarira nezvaSoromoni pane imwe nguva achinamata uye achikumbira Ishe Mwari kana Vaizomupa huchenjeri, kwete kuitira iye pachake, “pasina kuwedzerwa kwemazuva, pasina hupenyu hwakareba, kwete hupfumi,” asi kuti agokwanisa kuva nehuchenjeri hwekuziva kuti—kuti—kuti anotonga sei vanhu vaMwari. Uye Mwari vakaremekedza munamato iwoyo, uye vakapa Soromoni huchenjeri ihwohwo, nekuti hwaive hwekuitira vanhu vaKe. Uye ndicho chikonzero ndiri kukumbira Mwari kuti vandizivise kuti mavhiki makumi manomwe aya anorevei, nekuti ndinoziva kuti ndiyo karenda chaiyo yezera ratiri kurarama mariri. Uye, nokudaro, ndinoda kuzviziva; kwete kuitira ini pachangu, ndiri. . .kwete kuitira ini pachangu. Nekuti, ndinoda kuzviziva. Handizvitaure nenzira iyoyo, “Kwete kuitira ini pachangu,” nekuti ndinozvida kuitira ini pachangu. Ndinoda kuziva, nekuti ndinoda kuziva apo patiri kurarama uye kuti tiri kurarama munguva ipi. Uye, zvadaro, ndinobva ndaziva kuti izvozvo zvakapihwa.

<sup>36</sup> Uye vakasiyana-siyana vakafunga nezvazvo, uye vakave nazvo kumashure-shure chaiko. Muchinda mumwe, wandakange ndichiverenga, akava nazvo zvese zvikapera muna 1919, zvemavhiki makumi manomwe. Asika, izvozvo zvakanga zvisina kudaro.

Saka, mushure memavhiki makumi manomwe, mushure mavhiki makumi manomwe, zvese zvinenge zvapera. Saka isu—isu hatimbo. . .Tinoda kuziva Chokwadi. Uye ndiri kukumbira Mwari kuti vandipe Chokwadi.

<sup>37</sup> Zvino, kuitira kuti nditsigire izvi, ndochidzokera kumashure, ndinoda kudzokorora zvisoma zvekumashure. Saka, nokudaro, zvimwe zvinyorwa izvo zvandakanyora pasi, izvo zvataiva nazvo mune chitsauko 5, 4 uye ne 5, kuitira kuti vanhu vanzwisise. Chekutanga, tisati taita izvi, ndinoda kuchiisa nepamusoro pechimwe, kuitira kuti muzowana kubva kune chechi 4. . .

Zvino, rangarirai, chitsauko 3 raive Zera reKereke yeRaodhikia, uye Chechi yakatorwa kuenda kumusoro kumagumo kweRaodhikia.

<sup>38</sup> Zvino, ndakanga ndichiedza kutsanangura chimwe chinhu kune mudzimai wangu nezvazvo. Ndakanga ndiina Becky, mwanasikana wangu, nemhando dzose dzakasiyana-siyana dzemaduramazwi nezvinhu zvataigona kuwana. Izvozvo hazviye mhinduro. Ndakatora duramazwi reBhaibheri. Ndikatora duramazwi rekare rechiGiriki. Nda—ndakatora ma—maWebster nemamwe akawanda, maduramazwi emazuva ano. Hapana kana rimwe rawo raikwanisa kuwana kunyange iyo. . . kupa mazwi kana mhinduro, nenzira ipi zvayo.

<sup>39</sup> Mudzimai wangu akati, “Ko unotarisira sei vanhu vedu, vanova vanhu varombo, uye vazhinji vavo vasina kudzidza sezvatakaita, kuti vanzwisise zvakaita saizvozvo?”

Ini ndikati, “Mwari vachapa mhinduro.”

<sup>40</sup> Zvisinei nekuti zvakaoma sei, Mwari vanogona kuzvipatsanura uye vozviita kuti zvive nyore. Nekuti tisu tiri. . . chikamu chevanhu ivavo vari kushuvira, vachinamatira zuva iroro uye nenguva iyoyo. Uye meso edu akatarisa Kudenga, uye tiri kutarisira Kuuya kwaKe. Uye ndinongova nechokwadi chokuti Achatiratidza. Zvino, hazvisi kuzotitaurira zuva kana nguva, nekuti hapana munhu achaziva izvozvo, asi zvirokwazvo zvichatitaurira zuva revhiki ratiri kurarama, kana tikangokwanisa kuzvibata.

<sup>41</sup> Zvino, muchitsauko 4, Johane akatakurwa kukwira kumusoro pakarepo, mushure meChechi. Johane, achikwira kumusoro, akaona zera rose rakazara reChechi. Ipapo ndipo pandinoda kumira, zvishomanani, kuti nditaure, kuti: vanhu vazhinji avo vari kutarisira chimwe chinhu chikuru, chinoshamisa, chine simba kuti chiitike, muzera reMarudzi, ivo vari kukanganisa zvirokwazvo. Zera reChechi, nezvose zvichaitika panguva yekutonga kweMarudzi, zvakanorwa kubva kuna Zvakazarurwa 1 kusvika kuna Zvakazarurwa 3, zvichisanganisira neepakati. Zvadaro Chechi yakabvutwa uye ikatorwa kuenda kumusoro, uye zvimwe zvose zveizvi, kusvika kuchitsauko 19, ndeizvo zvinoitika kurudzi rwemaJudha, mushure mekunge Chechi yakwira kumusoro. Uye iyoyo inguva yeKutambudzika kukuru, pasisina chinoitika pakati peMarudzi; kunze kwekuuraiwa, nezvimwe zvakadaro, sezvo tichasvika kwazviri uye toona.

<sup>42</sup> Asi Chechi, pachaYo, yakatoenda pane chechi 13. . . Pandima yekupedzisira yechitsauko 3 chaZvakazarurwa, apo panopera Zera reChechi yeRaodhikia, iro raiva rekupedzisira.

<sup>43</sup> Uye takatora zera rekereke rimwe nerimwe, nguva yega-yega, chinhu chimwe nechimwe chakaitika, nyeredzi imwe neimwe, mutumwa mumwe nemumwe, hunhu hwavo, izvo

zvavakaita, uye tikazviunza zvichidzika nemunhoroondo kusvikira pane rekupedzisira chairo, ndokudhirowa ipapo chaipo pamufananidzo, parutivi rwemadziro. Uye apo patakapedza, Mweya Mutsvene wakapinda ndokugadzira denderedzwa rechinhu chimwe chete pamadziro, uye ndokuzvizarura kuburikidza naiye pachaKe ipo pano chaipo kwatiri tose.

<sup>44</sup> Zvino, mukuita izvi, ndinovimba, pakupera kweizvi Achauya nechimwe chinhu chinoshamisa uye otiratidza zvekare kuti tiri panguva yekupedzisira.

<sup>45</sup> Vangani venyu vakanzwa yaKennedy...Zvakataurwa neMutungamiri wenyika Kennedy, zvitaurwa nezvimwe zvakadaro? Vangani vakanzwa kufanotaura uku, kuti patichasara tosvika musi wa Ndira 1, zvakafanotaurwa kuti dzose dziri mbiri United States neRussia dzichange dzave madota ematombo akanyungudika? Ndizvo zvoga zvatinoda. Nguva yapera kupfuura zvatiri kufunga. Maona? Saka, kana tava pedyo zvakadaro kusvikira kunyangwe vanhu wenyika ino vari kufanotaura chinhu ichi chikuru chiri kuzoitika, zviri nani tive takachangamuka, zvinhu zvese zviri zvakanaka, kureurura kwese kwakaitwa, zvinhu zvese zvakagadzirira, nekuti hatizive kuti inguva ipi iyo Ishe vedu vachatidaida. Uye apo paVachatidana, “Kwirai kuno kumusoro,” zviri nani tinge takagadzirira. Uye zvichauya munguva iyo yamusingafungire.

<sup>46</sup> Rumutsiriro rwukuru rwePentekosti rwave kupera zvino. Tinozviona kwese-kwese, kufamba kukuru kwekupedzisira. Mharidzo yakatoenda. Zvinhu zvese zvagadzirira zvino, zvakamirira. Chechi yakatosimbiswa. Vakaipa vari kuwedzera kuita zvakaipa. Machechi ari kuwedzera kuita zvechechi. Vatsvene vari kuswera padyo naMwari. Zvipo zveMweya zviri kutanga kuwanda mumapoka madiki. Tave panguva yekupedzisira. Oo, ndinoda rwiyo rwuya rwataisimboimba muchechi.

Ndakatarisira kuuya kwezuya riya  
reMirenyamu rinofadza,  
Apo Ishe vedu vakaropafadzwa vachauya  
vobvuta Mwenga waVo akamirira voenda;  
Oo, mwoyo wangu uri kuchema, uine nyota  
yezuya iroro rekusunungurwa kunotapira,  
Apo Muponesi wedu achadzoka panyika  
zvekare.

<sup>47</sup> Kumirira nguva iyoyo! Zvino, muchitsauko 5 uye ndima 5, tinoona kuti, muchidzidzo chedu chekumashure, kuti takataura nezve Mudzikinuri weHama uya, uyo watakaona kuti aive Kristu. Tikazvifananidzira naRute: Rute achitora sarudzo; Rute achishumira; Rute achizorora. Kutora sarudzo, kwaive kururamiswa; kushumira, achizvigadzirira pachake,

kucheneswa; kuzorora, aive neMweya Mutsvene, kusvikira Mabiko eMuchato auya. Zvakanaka sei!

<sup>48</sup> Chechi yakauya kuburikidza naJohn Wesley, kururamiswa, kana kuti . . . Martin Luther, kururamiswa; kuburikidza naJohn Wesley, kucheneswa; kuburikidza nePentekosti, rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene; uye zvino, akazorora, akamirira Kuuya kwaShe waKe. Zvakanyatsokwana!

<sup>49</sup> Mudzikinuri weHama wedu, vakuru vaitaura chokwadi pavakaMudana kuti Gwayana, rakange rave kuzova Shumba, semutongi. Iye aive Gwayana, munoziva, raive neBhuku rakasimbiswa kanomwe. Apo Bhuku parakatorwa, basa rekureverera rakabva rapera.

<sup>50</sup> Zvino, muchitsauko 3, Chechi yakange yakwira kumusoro, asi zvino rudzikinuro rwuri kuzoziviswa, kuti Chechi yakadzikinura—yakadzikinurwa sei, chizaruro cheizvo zvakaaitika munguva yezera reChechi. Munoono, Chechi yaenda, saka Ari kuratidza zvino, muchitsauko 5, kuti Akazviita sei, chii chakaaitika, kuti Akasimbisa Chechi sei. Chizaruro cheZita raKe; rubhabhatidzo rwemumvura, vachishandisa Zita raKe; Hupenyu Husingaperi; hapana gehena reKusingaperi; mbeu yenyoka; Kuchengetedzwa kweKusingaperi; dzidziso huru dzose, kufanotemerwa kweChechi uko kwakazarurirwa kuChechi. Iye ari kuratidza kuti Akazviita sei.

<sup>51</sup> Zvino, Hama yedu yepedyo inotambidzwa Bhuku reRudzikinuro rakasimbiswa kanomwe kubva kuMuridzi wepakutanga. Amen! Ndiani aiva, tinoona, aive Muridzi wepakutanga? Mwari pachaKe. “Zvino Gwayana rakauya rikatora Bhuku kubva muruoko rwerudyi rweUyo akanga agere paChigaro choushe.” Ndiani aive Gwayana? Mudzikinuri, Mudzikinuri wedu weHama, Hama yepedyo kune Chechi, Uyo akauya akadzikinura Israeri.

<sup>52</sup> Zvino tiri kuzopinda mune izvozvo mangwanani ano. Israeri yakadzikinurwa, asi hazvina kuiswa kwavari, nekuti ivo vakaMuramba. Asi, Chechi yakagamuchira rudzikinuro rwavo, uye Ndiye Mudzikinuri weHama wedu. Sezvo Bhoazi aifanira kudzikinura Naomi, kuitira kuti awane Rute, muMoabhi, mutorwa, Murudzi, saka Kristu akadzikinura Israeri, akaisa rudzikinuro, uye akarambwa.

<sup>53</sup> Munorangarira ruregerero, rwekuti murume wacho akapfurwa, izvo zvandinombotaura dzimwe nguva? Panguva yehondo yevagari vemunyika, apo . . . Aive murume akanaka. Akange asina mhosva, asi vakamuwana aine mhosva. Kunyangwe, aive nemhosva neimwe nzira, yekuti akatiza munguva yehondo. Uye vakamuwana aine mhosva zvino vakange vari kuzomupfura. Zvino mumwe murume akaenda kuMutungamiri wenyika Lincoln uye akati, “VaLincoln, yu murume Mukristu. Iye akanga achityiswa. Mukomana wacho,

ndinoziva vanhu vake. Aingotya bedzi. Akanga asingarevi kuita chakaipa. Akatiza.” Akati, “VaLincoln, zvirira mumaoko enyu. Ndimi mega munokwanisa kumuregerera.”

VaLincoln vakatora chimedu chebepa nechinyoreso chavo, ndokusaina, “Regererai uyu *Nhingi-nhingi*. Abraham Lincoln.”

Iye ndokumhanya achidzokera kujeri, uye akati, “Herino iri. Ndine ruregerero rwako.”

<sup>54</sup> Uye murume wacho ndokuti, “Ndinoramba kutarisa parwuri. Irwo rwaifanira kuva nechisimbiso chikuru parwuri. Rwaizova zvose. Uri kungoedza kundiita chiseko. Haasi Abraham Lincoln. Chero ani zvake aigona kusaina zita rake. Asi rwaitofanira kunyorwa nechisimbiso chake, nezvimwe zvakadaro, kana rwuchibva kwaari.” Uye murume wacho akamunyengetedza; kunyangwe murume aiva mutirongo akafunga kuti akanga achitamba, zvino ndokungofamba achienda.

Mangwanani akatevera, akapfurwa. Zvino mushure nekunge apfurwa, zvadaro pakave nekutogwa mudare rehukumende, nekuti Abraham Lincoln, maawa makumi maviri nemana murume uyu asati apfurwa, akasaina zita rake kuti murume uyu akange aregererwa. Uye zvadaro hurumende yakamupfura, zvakadaro. Zvadaro zvonzi? Zvadaro dare rehukumende reUnited States, rakati, rakasvika pasarudzo iyi yematare eHurumende, rikati, “Ruregerero harwusi ruregerero kunze kwekunge rwakagamuchirwa seruregerero.”

<sup>55</sup> Uye Jesu akadzikinura Israeri paKarivhari. Asi rwakange rwusiri ruregerero kwavari, nekuti Havana kurwugamuchira seruregerero. Asi, muchidzidzo chedu zvino chepamavhiki makumi manomwe aya, tinoona kuti vakadzoka vakagamuchira ruregerero rwavo. Asi, Akadzikinura Chechi, zvadaro takaregererwa nekuti takagamuchira Ropa raJesu Kristu seruregerero rwehu.

<sup>56</sup> Zvino, tinoona kuti Akanga ari Mudzikinuri weHama wedu, uye Akatora Bhuku kubva muruoko rweMuridzi wepakutanga. Iro igwaro renhaka kune rudzikinuro. Takazviona izvozvo. Munorangarira chidzidzo chacho here? Iro igwaro renhaka rerudzikinuro. Iro imvumo kunhaka pamwe naro, kuti Mwari vaida hupenyu panzvimbo yerufu, mubindu reEdheni. Zvadaro, Jesu, Uyo wakarurama, akafa uye ndokutora gwaro renhaka, uye ndokukwanisa kupamura Zvisimbiso, ndokuzarura izvo zvakanga zvirira maZvirira; uye ndokupa nhaka, iyo yakanga iri yaKe, kune vanhu vaKe. Hupenyu Husingaperi, uhwo hwaAkagara nhaka nekuda kwekuita izvozvo, Iye akapfuudza Hupenyu hwaKe pachaKe kumashure uko, paKarivhari, uye ndokuhugovera pakati pedu kuburikidza neMweya Mutsvene. Amen! Hakuna munhu ati (zvachose) akambokwanisa kusvika pakufunga nezve rudo kuti irwo rwaiva chii, izvo zvaAkaita!

<sup>57</sup> Satani, uyo aimbove muridzi nekuda kwekuwa mubindu, anosungwa uye okandwa muDziva reMoto. Mazuva ake apera.

<sup>58</sup> Jesu, muEvhangeri, aive nemadunhurirwa mana. Takazvibata izvozvo. Mwanakomana waDhavhidhi, mudyi wenhaka kuChigaro choushe; Mwanakomana waAbrahama, chipo chehumambo; Mwanakomana wemunhu, mudyi wenhaka yenyika; Mwanakomana waMwari, mudyi wenhaka kuzvinhu zvese. Chipa chehumambo!

<sup>59</sup> MuTestamende Yekare, midziyo hayaikwanisa ku—hayaikwanisa kubatwa kwenguva yakareba kupfuura makore makumi mashanu. Hayaikwanisa kutsakatiswa kubva kumuridzi wayo wepakutanga pamakore makumi mashanu. Uye pazuva rechimakumi mana Akabhadhara mubhadharo. Pazuva rechimakumi mashanu, rudzikinuro nesimba zvaive zveChechi, zvakarasika mubindu reEdheni, zvakadzikinurwa zvekare, uye zvikatumirwa kwatiri kuburikidza nerubhabhatidzo rweMweya Mutsvene, pazuva rechimakumi mashanu.

<sup>60</sup> Zvadarwo takanhonga iri, gwaro rakapetwa. Isu takanhonga gwaro rakapetwa, kuti gwaro rakapetwa iri rakatambidzwa sei muruoko rwaKe. Kuti sei Jeremia, muna Jeremia 32:6, hama yake, Hanameri, akasiirwa nhaka. Zvino vakange vave kuchienda muhutapwa. Uhwo, hwatiri kupinda mahuri, pamwe naye, mangwanani ano: hutapwa. Uye raichengeterwa mumudziyo wevhu; zvinoratidza kuti simba raMwari, nemagwaro akapetwa uye nezvakavanzika zvaMwari, zvinozivikanwa, mumwoyo. Zano rerudzikinuro rvedu, rimwe chete richichengeterwa mumidziyo yevhu, Zita raJesu uye nechizaruro.

<sup>61</sup> Tinoona kuti iri rakange rakasimbiswa neZvisimbiso Zvinomwe, uye Chisimbiso chimwe nechimwe chakange chakamonerwa. Uye apo chizaruro chaitiwa, Aidhonza Chisimbiso, uye osunungura ichi overenga izvo zvaitaurwa neChisimbiso chacho. Zvadarwo Aisunungura rwunotevera, rugwaro rwakapetwa, uye overenga izvo zvaitaurwa neChisimbiso. Ndokusunungura rinotevera, ndokuribuditsa kunze uye kuti aone izvo zvakataurwa neChisimbiso chacho, uye izvo zvaiva chizaruro chacho. Ndizvo chaizvo izvo zviri Zvisimbiso Zvinomwe zvedu, izvo zvatiri kupinda mazviri munguva pfupi, tinovimba, kuti zvichadarwo. Chisimbiso chimwe nechimwe, apo pachinobviswa kubva muBhuku, chinozomononorwa, uye ndizvo zvicharatidza chaizvo zvakaaitika.

<sup>62</sup> Tinoona kuti pane “zvinomwe,” zvishanu muzano rerudzikinuro. Shanu ndiyo nhamba yacho. Uye pane zvinomwe zviri zvishanu: Zvisimbiso Zvinomwe, Mweya Minomwe, vatumwa vanomwe, Hwamanda Nomwe, uye nemazera manomwe ekereke. Saka, muri kuona, zvinomwe zviri zvishanu

inyasha. Shanu inyasha, uye nomwe kukwaniswa. Saka zviri kungomhanya zvakakwana chaizvo, munoona. Zvakanaka.

<sup>63</sup> Sezvaka, Chisimbiso chimwe nechimwe chakapamurwa muShoko raMwari, chinotarura kuvanhu vezera racho, zera racho ratiri kurarama mariri, mweya wezera, chechi yezeza. Zvakazarurwa 10, kwekupedzisira, tinoona apo Chisimbiso chekupedzisira pachakazarurwa, tinoona Mutumwa akamira netsoka imwe panyika, uye neimwe iri pagungwa, nemaoko Ake akasimudzwa Kudenga, uye aine muraraungu uri pamusoro pemusoro waKe, achipika neUyo anorarama nekusingaperi-peri, kuti nguva yaperi, apo paChisimbiso chekupedzisira. Uye imi mirirai kusvikira tapinda mazviri Zvisimbiso uye moona kuti Chisimbiso ichocho chiri papi.

Mushure mekunge maona mavhiki makumi manomwe, zvararo moona kuti Zvisimbiso zviri papi, “Nguva yaperi,” rudzikinuro rwapfuura, Ave zvino Shumba neMutongi. Ndiye Muponesi wako mangwanani ano, asi rimwe zuva Achave Mutongi wako.

<sup>64</sup> Ndima 8 kusvika kune yechi 1...14 yechitsauko 5, dzinatoratidza nguva yeGwayana yekuti rinamatwe, zvese Kudenga nepanyika; Bhuku rezvisimbiso zvinomwe, Gwayana rakakodzera, Mudzikinuri weHama. Uye kubva pandima 8, kusvika pane 14, Ngirozi dzinoMunamata, vakuru vanoMunamata, Zvisikwa zvipenyu zvinoMunamata. Uye Johane akaMunamata kwazvo kusvikira akati, “Chisikwa chese Kudenga, panyika, pasi penyika, chakandinzwa ndichiti, ‘Maropafadzo, kubwinya, simba, huchenjeri, masimba ngazvive kune Gwayana.’” Nguva yekunamatwa kweGwayana Mambo. Zvino, Chechi yaenda, rangarirai.

<sup>65</sup> Zvino ngativhurei kuna Dhanieri, uye chitsauko 9, uye ndima 1 kusvika 3. Uye zvararo tiri kuzotora yechi 20 kusvika 27, nekuti uyu unongova munamato waDhanieri. Ndinoda kuti muverenge izvi kakawanda, nemuvhiki rose, zvino, kusvikira mazvibata.

*Mugore rekutanga raDhariansi mwanakomana wa . . . wembeu yevaMedhia, uyo akanga itwa mambo woushe hwavaKaradhia;*

*Negore rekutanga rekubata kwake ushe ini Dhanieri. . . -nzwisisa, ndakanzwisisa nemabhuku kuti nhamba ye . . . makore, iro shoko raMwari rakauya kuna muporofita Jeremia, kuti aizopedza makore makumi manomwe mukuparadzwa kweJerusarema.*

*Zvino (inotevera) ndakarinzira chiso changu kuna Ishe Mwari, kuti nditsvage nokunyengereta nekukumbira, nekutsanya, ndakapfeka masaga, nemadota:*

*. . . Ndikanyengereta kuna JEHOVA . . . Mwari, uye ndikareurura zvivi, . . .*

<sup>66</sup> Uye anoramba achienda mberi, kusvikira zvino tasvika pandima 20. Kuti tichengetedze nguva, vanhu vakamira, ndinoda kuti musvike kune yechi 20, kusvikira tasvika zvino kune—kune ndima 20.

*Zvino ndakati ndichitaura, nekunyengerera, pamwe nekureurura zvivi zvangu nezvivi zvevanhu vangu vaIsraeri, uye ndichiunza zvikumbiro zvangu pamberi paJEHOVHA Mwari wangu nekuda kwegomo dzvene raMwari wangu;*

*Zvakadaro, ndichiri kutaura pakunyengerera, kunyange murume Gabrieri, wandakanga ndaona muchiratidzo pakutanga, akatanga... akakonzerwa kuti abhururuke nekukurumidza, akandibata nenguva dzinenge dzekupirisa kwemanheru.*

*Uye akandizivisa, akataura neni, uye akati, O Dhanieri, ndauya zvino kuti ndikupe njere nekunzwisisa.*

<sup>67</sup> Ko dai takakwanisa kungova tiri ipapo! Ko Akamuwana sei? Mumunamoto.

Mutumwa, “murume.” Macherechedza, akaMudaidza kuti, “murume.” Uye ari we. . .

*Uye uchangotanga kukumbira kwangu murairo wakauya, (uye ndokuuya kuitira kuti iye aende), zvino ndauya kuzokuratidza; nekuti unodikanwa kwazvo: kana... naizvozvo nzwisisa nyaya yacho, uye funga nezve chiratidzo.*

*Vhiki dzinamakumi manomwe dzakatemerwa pavanhu vako neguta rako dzvene, kana kuti guta rako, kupedzisa kudarika, ... kugumisa zvivi, uye nekuyanansira kusarurama, uye nekuuyisa kururama kusingaperi, uye nekusimbisa chiratidzo nechiporofita, nekuzodza nzvimbo Tsvene-tsvene.*

Hecho chikonzero chakapetwa katanhatu chekuuya kwaKe. Zvino cherechedzai.

*Zvino, naizvozvo, naizvozvo chiziva uye unzwisise, (zvino teererai) kuti kubva pakutemwa kwemurairo wokuvandudza nokuvaka Jerusarema kusvikira kuna... Mesia Muchinda achave mavhiki manomwe, ... vhiki dzinamakumi matanhatu nembiri: uye mugwagwa uchavakwa zvekare, uye nemasvingo, kunyangwe mungwa yekutambudzika.*

*... kana vhiki dzinamakumi matanhatu nembiri dzapera Mesia achabviswa, asi kwete nekuda kwake pachake: uye vanhu vemuchinda anozouya—muchinda anozouya... kuparadza guta nenzvimbo tsvene; asi*



*kuguma kwazvo kuchauya* nemafashama, . . . kusvikira kumagumo ehondo kuparadzwa kwakatarwa.

*Uye iye achasimbisa sungano* (teererai) *nevashinji kwevhiki rimwe*, rimwe remavhiki makumi manomwe aya: uye *pakati pevhiki* achakonzera kuti chibayiro ne . . . kupirisa kuti zvipere, uye nekuda kwekupararira *kwezvinonyangadza* achariita kuti riparadzwe, kunyangwe *kusvikira pakuguma*, uye izvo zvakatarwa *zvichadururwa pamusoro pezvapakaradzwa*.

<sup>68</sup> Zvino, hechinoi chidzidzo chedu chemisangano yedu mitatu, mina, mishanu inotevera, chero hazvo zvichazarurwa naShe. “Mavhiki makumi manomwe.”

<sup>69</sup> Zvino, ndichakumbira Doc, kana achigona, manheru ano, kuti aise bhodhi rangu apo, kuitira kuti ndikwanise kuzvinyora. Handidi kuti muzvipotse. Zvino munofanira kudzidza pamwe neni, uye kudzidza zvakadzama, kana kuti munozvipotsa. Uye ndinoda kuzvidhirowa pano pabhodhi, uye zvadaro imi mounza mapenzura enyu nemapepa uye monyora pasi mazuva aya, nguva idzi, uye nezvose pamusoro pazvo.

<sup>70</sup> Zvino, mavhiki makumi manomwe anotanga (zvino batai izvi) mushure mekunge Chechi yabviswa. Zvino, munhu wese anozvinzwisisa izvozvo, ngaati, “Ameni.” [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti] Zvino, mushure mekunge Chechi yabviswa.

<sup>71</sup> Zvakazarurwa 6:1, kusvika kuna Zvakazarurwa 19:21, zvakabatana nemavhiki makumi manomwe, naizvozvo tinofanira kumira totsanganura, tisati taenderera mberi. Tinofanira kumira uye totsanganura kuti sei mavhiki makumi manomwe aya. Nekuti, kana ukasadaro, munozopotsa Zvisimbiso zviya, munozopotsa Hwamanda dziya, munozopotsa Ndiro dzematenda dziya, Matenda aye, mweya mitatu yetsvina iya yakaita semataty, Nhamo nhatu dziya, kudzingwa kweshato tsvuku, mudzimai ari muzuva. Munozovipotsa zvese, kana mukasadaro, nekuti zvinoitika imo muno muvhiki rino rechimakumi manomwe. Ndimo mazvinoitika.

<sup>72</sup> Zvino, muporofita Dhanieri akanga ava muBhabhironi kwemakore makumi matanhatu nemasere. Imi munoda kuronda zvinoenderana, uye morega kuzvipedzera henyu imwe yenguva, nokuti ndakatozo—tozovitarisa. Makore makumi matanhatu nemasere! Akaenda muhupapwa muna B.C. 606, uye apo chiratidzo pachakauya kwaari yaive—yaive B.C. 538. 538 kubva kuna 606, zvinosiya makumi matanhatu nemasere. Makore makumi matanhatu nemasere akange achiva muBhabhironi, pakati pevahedheni, asi zvakadaro aiva nekukunda. Ameni. Isu hatikwanise kugara awa imwe.

<sup>73</sup> Asi akanga ave pakati chaipo, pasina mumwe munhu kunze kweshamwari nhatu, uye ivo vari munzvimbo dzakasiyana

dzehumambo. Asi, Dhanieri, akamira ega naMwari, akava nekukunda kwemakore makumi matanhatu nemasere. Pafungei ipapo! Handidi kutanga kuparidza, nekuti ino inofanira kuve Mharidzo yekudzidzisa. Asi, makore makumi matanhatu nemasere, akange achengeta kukunda uye asina kusvibiswa, pamberi paMwari; asina rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene, asina Ropa raJesu Kristu kuti rimureverere; aine ropa renzombe, nembudzi, nematsiru chete, izvo zvaaifanira kupirisa muchivande, nekuda kwetsika dzechihedheni dzenyika iyoyo. Vakanga vaendeswa zasi ikoko. Jeremia akaporofita nezvavo, kuti vakanga vachaenda zasi.

<sup>74</sup> Zvino, Dhanieri, oo, ini zvangu, akanga atanga kuona kuti nguva yakanga yava kuswadera, sezvatiri nhasi. Dhanieri akatanga “kunzwisisa,” akadaro, “kubudikidza nekuverenga mabhuku.”

*Uye negore rekutanga rekubata ushe kwa...  
Dhanieri...mukutonga ini Dhanieri ndakanzwisisa  
nemabhuku nhamba ye...makore, naizvozvo...shoko  
raJEHOVHA rakauya kuna muporofita Jeremia, kuti  
aifanira kuzopedzwa ari makore makumi manomwe  
ari mu...kuparadzwa kweJerusarema.*

<sup>75</sup> Jeremia, muna B.C. 606, akaporofita, nekuda kwezvivi zvavo uye nekusava nehumwari, kuti aizove makore makumi manomwe.

<sup>76</sup> Munorangarira, paive nemumwe muporofita akauya muzuva iroro. Handikwanise kudana zita rake panguva ino. Ndinokwanisa kuribata kuitira imi mu—mumaminitzi mashoma, kana ndaizotarisa kumashure kwekanguva. Asi akauya akati, “Jeremia, wakanganisa. Mwari vari kuzongochengeta Israeri zasi uko kwemazuva akati, kweakati, angangoita makore maviri.”

<sup>77</sup> Jeremia akati, “Ngazvive sokudaro. Amenii.” Akati, “Asi chimbomira zvizhoma. Ngationesanei iwe neni mumwe nemumwe, sevaporofita.” Akati, “Rangarira, pakange paine avo vakaporofita tisati tauya, uye vakataura zvinhu zvakange zvisiri izvo. Uye Mwari vakashanda navo nekuda kwekutaura zvinhu zvakatsveyama. Saka, ngativei nechokwadi. Asi Ishe Mwari vakandiudza kuti pachine makore makumi manomwe nazvino.”

Mwari vakarova muporofita iyeye wenhema, vakatora hupenyu hwake gore rimwe chete iroro, nekuti Mwari vakange vaudza muporofita uyu wechokwadi kuti kwaive nemakore makumi manomwe.

<sup>78</sup> Uye ndinoda kuti imi mucherechedze kuti sei Dhanieri, kunyangwe ari mutorwa, kunyangwe akadzingwa kubva kuvanhu vake, akadzingwa kubva kucheche yake, asina shumiro imwe yechechi, asina chechi zvayo yekuenda, pasina chero nziyo

zvadzoz dzingaimbwa asi idzo dzaiimba ega, pakati pezvose izvi, asi akaramba akabaturira pane izvo zvakataurwa nemuporofita uya. Amen! Amen!

<sup>79</sup> Pasina chechi yekuenda kwairi, pasina munhu wekuwadzana naye; munhu wese aienda kutemberi dzevahedheni, munhu wese ainamata zvimpunzo zvavo. Pasina nziyo dzeChikristu; hapana aitenda chinhu chimwe chete chaaitenda. Uye mumakore makumi matanhatu nemasere, kubva ari mujaya ane makore angangoita gumi nemaviri, gumi nemana ekuberekwa, apo paakaendeswa zasi ikoko, akaramba akatendeka kuna Mwari; uye akanzwisisa nechiporofita chaJeremia kuti mazuva akange ave kutozadziswa.

Ko izvozvo zvaizoyambira sei mwoyo wechero muporofita waMwari wechokwadi nhasi, kuti tinotarisa kumashure uye toona izvo zvakataurwa nemuporofita wechokwadi uyu, uye toziva kuti tave panguva yekupedzisira.

<sup>80</sup> Akati, “Ndakanzwisisa nemabhuku ayo Jeremia, hama yangu, mazhinji, makore mazhinji apfuura, akaporofita kuti Israeri yaizogara zasi kuno makore makumi manomwe. Uye nguva iyoyo yave kuda kuzadzikiswa.” Uye ndokuzvigadzirira pachake. Uye akadanira kutsanya, ndokuzvichenesa pachake, uye apo... madota nemasaga, ndokuzviisa pamusoro wake, ndokutanga kutsanya nekunamata, kuti anzwisise pamusoro pekuti izuva ripi ravairarama mariri.

<sup>81</sup> Zvino kana Dhanieri, muporofita waShe, aigona kuverenga mabhuku aJeremia, uye zvikamuunza panzvimbo yakadaro; zvekuti kunyangwe Israeri ichibuda, vese zvavo vari vapenyu, vaibuda kubva muBhabhironi, kuti vadzokere kumusha, zvakamuita kuti atsanya nemasaga nemadota. Ko zvakanyanza zvakadini zvazvinofanira kuita kuChechi yaMwari vapenyu, kuziva kuti nguva iri kupera uye haichazovapo; uye Kuuya kwaIshe Jesu Kristu, uye neMireniyamuru huru yagadzirira kupinda! Ko tingapedza nguva isina basa sei, tichitamba makasa, kugomba rekushambira nemisi yeSvondo, pasina nguva yaShe? Kungomhanya uchidzika... Kana mufudzi vakataura pamusoro pechimwewo chinhu chausingade, iwe unosimuka wobva wabuda. Uye kana che—kana chechi ikatora nguva yakarebesa, handiti, iwe—iwe, hau—haufadzwe nazvo. Tarisai pachinhano chedu. Tarisai izvo zvatiri kuita.

Enzanisai hupenyu hwedu nemuporofita iyeye. Murume mumwe chete, muhumambo hwese, asina chechi yekuenda kwairi, uye pasina kana kupi zvako kwekuenda. Yakanga yaputswa uye yapisirwa pasi; guta rake, vanhu vake vaiva vatapwa. Makore makumi matanhatu nemasere! Makumi matanhatu nemasere, makumi matanhatu nemapfumbamwe, makumi manomwe; aiva nemakore maviri akanga asara. Saka paakatanga kuverenga mubhuku uye akaona kuti nguva

yakanga yoswedera yekuzadzisa, kuti izadziswe, akaenda kuna Mwari mumunamoto, kuti azive nezvazvo.

<sup>82</sup> Inguva yakadini! Chii chatiri kuita? Apo, “Marudzi ari kupamuka; gungwa riri kuomba; mwoyo yevanhu iri kukundika nekutya; kuvhiringidzika kwenguva.” Zvinhu zvese izvi, chinyorwa chiri pamadziro. Kuparara kwemarudzi; mhando dzose dzehuipe dziri kuitika munyika; nemakakatanwa, nekurwa, nekushushana. Uye nezvombo zvakambera muzvivakwa zvekuchengetera ndege, zvekuti nyika diki imwe chete yakakura seCuba zasi kuno inokwanisa kuparadza pasi rose mumaminitsi gumi. Uye ivo vachiitirana nharo mumwe nemumwe, vanhu vasina humwari avo vasingazive Mwari uye vasingazivi simba raKe.

Uye Mweya Mutsvene uri muChechi, uchifamba pakati peVasanangurwa, uchizviratidza pachaWo uri mupenyu mushure memakore zviuru zviviri, kuti Ndiye mumwe chete zuro, nhasi, nekusingaperi. Ko tingagare sei muhusimbe? Ko tingagomhanya sei nepamusoro pazvo? Inguva yekunge tichiongorora, takatarisira kusvika kwenguva huru iyoyo.

<sup>83</sup> Zvino, akaverenga muna Jeremia, chitsauko 25. Ngativhurei muna Jeremia, chitsauko 25, uye toverenga izvo zvakaturwa naJeremia. Chaizvoizvo, ngatitangirei pandima 8, nekuti zviri. . . Ndinoda kuti muve nechokwadi chekuzvibata. Ndima 11 ndipo pandanga ndanyora pasi pano kuti ndiverenge, asi ngatitangirei pandima 8.

*Naizvozvo zvanzi naJEHOVHA wehondo; . . .*

Ndinongozvifarira izvozvo. Apo pandinokwanisa kunzwa muporofita achisimuka neZVANZI NAJEHOVHA MWARI, hama, ndizvozvo. Kwandiri, ndizvo zvinozvigadzirisa. Ndizvo zvose zvazvo.

*. . . zvanzi naJEHOVHA wehondo; Nekuti hamuna kunzwa mashoko angu,*

*Tarira, ndichatuma nokuzotora mhuri dzose dzekumusoro, zvanzi naJEHOVHA, uye naNebhukadhinezari mambo weBhabhironi, muranda wangu, uye ndivauyise zvekare. . . varwe nenyika ino, uye varwe nevageremo, uye varwe nemarudzi ose akapoteredza, uye ndichavaparadza zvachose, . . .*

Rangarirai, ivo vaiva vasanangurwa vaMwari avo vaAri kutaura nezvavo. Vakanga vasiri vanhu vasingatendi muna Mwari. Vaive nhengo dzechechi.

*Pamusoro pazvo ndichabvisa kwavari inzwi rekuseka, . . . inzwi rekufara, (zvakangaita sezvatinazvo nhasi, yose rock-and-roll, Ricky naElvis,) uye, oo, izwi rechikomba, . . . izwi reshiri. . . kana kuti, romwenga, waro, ruzha rweguayo, . . . mwenje wekenduru.*

*Uye nenyika ino yese richava dongo, . . .*

Inzwai muporofita iyeye achidanidzira, “Nyika ino yese ichava dongo!” Uye kwete kutevedzera muranda mukuru waMwari yuyu, asi ndinoporofita kuti nyika ino yese ichave dongo. Mwari vacharanga nyika ino nekuda kwezvivi zvayo. Kana Mwari vasina kumbotendera Israeri, vasanangurwa vaVo, Mbeu yaAbrahama, uyo waVakaita sungano nevimbiso naye, kana Vaisavarega vakadaro kana vaita zvakatsveyama; kunyangwe vaive vanonamata kusvika pekupedzisira, vaive nemachechi makuru, nevaprisita, uye nevanarabhi; asi nekuda kwehunhu hwakashata nezvinhu pakati pavo, uye Mwari vakavaita kuti vakohwe zvakakadyara, saizvozvo ndizvo zvatichawana. Ndima 11:

*. . . nyika ino yese ichava dongo, uye . . .  
nechishamiso; . . .*

Nokuti, munhu wese anongotarisa uye oti, “Hezvoka zvavari. Vakanga vari vakuru kwazvo. Tarisai zvavari zvino.”

*. . . uye marudzi aya achashumira mambo  
weBhabhironi makore makumi manomwe.*

Iyoyo inguva yehupenyu hwese. Ndipo apo amai vako vekare, vakaropafadzwa vachembera pavaive vari mucheche. Vaive imomo vasina Mwari, vasina chechi, vasina rwiyo, vasina kana chinhu, kwechizvarwa chakazara, kusvikira chizvarwa ichocho chakatadza chafa chose.

*Uye zvichaitika kuti, kana makore makumi manomwe  
azadziswa, kuti ndicharanga mambo weBhabhironi,  
norudzi irworwo, zvanzi naJEHOVHA, pamusoro  
pekusarurama kwavo, nenyika yevaKaradhiya, uye  
ndichaiita dongo nekusingaperi.*

*Uye ndichauyisa pamusoro penyika iyoyo mashoko  
angu ose andakataura pamusoro payo, kunyangwe  
zvose zvakanyorwa mubhuku rino, izvo zvakaporofitwa  
naJeremia achipesana nemarudzi ose.*

*Nekuti marudzi mazhinji nemadzimambo makuru  
vachazvishumira pachavo—pachavo nekuda kwavo  
zvokare: uye ini ndichavaripira . . . zvichienderana  
nemabasa avo, nezvinoenderana nemashoko avo  
emaoko avo pachavo.*

*Nekuti zvanzi naJEHOVHA Mwari waIsraeri kwandiri;  
Tora mukombe wewaini yekutsamwa kuruoko rwangu,  
uye ukonzere marudzi ese, andinokutumira kwaari, kuti  
anwe kubva mauri.*

Nemamwe mashoko, “Jeremia, ndakupa shoko iri. Usarambe wakagara. Usagare munzvimbo imwe chete, asi porofita kumarudzi ose.” Muri kuzvitevera here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti] “Porofita kurudzi rwose. Ratidza

zviratidzo nezvishamiso zvaNgu, uye woita kuti vazive kuti Ndiri kuuya kuzoita izvi.”

*Uye vachanwa, vagodzadzarika, nekupenga, nekuda kweshoko randichatumira pakati pavo.*

<sup>84</sup> Chii chavanoita muzuva rino chairu? Ivo vanokudana kuti mu—muporofita wenhema, vokudana kuti mu—murerutsi, vokudana kuti mu—mupengereki, muuki, kana kuti muroti wezviroto, kana kuti imwe mhando yemuverengi wepfungwa. “Vachange vachipenga!” Uye inzwi rekuti *kupenga*, kana ukaripatsanura, rinoreva “kurasika pfungwa.” “Vachanyatsorasika pfungwa, uye voti, ‘Aa, musateerere kune muumburuki mutsvene uyo, zvisina maturo izvo,’ nekuda kweShoko raNdichatumira pakati pavo.”

<sup>85</sup> Muri kuona nhorondo ichizvidzokorora pachayo here? Jeremia haabvimirana nevaFarise vavo, vaSadhuse, vaHerodhi, chero zvipi zvavanogona kuve vari. Iye, akangoburitsa Shoko kunze, uye Rakavaita vose kuti vamupengere. Chii? Zvino cherechedzai.

*Uye ipapo ndakatora mukombe paruoko rwaJEHOVHA, ndikakonzera kuti marudzi ose ainwe, . . .*

Jeremia haana kugara kumba. Jeremia haana kungogara panzvimbo imwe diki, asi akakonzera kuti marudzi ose ainwe.

*. . . andakatumirwa kwaari naJEHOVHA:*

<sup>86</sup> Jeremia akatora Shoko raShe, waini yeShoko raKe. Uye waini isimba reShoko raKe. Waini ine simba. Waini inodhaka. Waini ine simba shure kwayo. “Uye ndakatora Shoko raShe,” akadaro Jeremia, “ndokuRiratidza. Waini, simba riri maRiri, ndakariratidza pamberi pavo, uye havana kuda kuRinzwa.”

Mwari vakati, “Zvino Ndichavaendesa kwemakore makumi manomwe muBhabhironi.” Ndizvo chaizvo zvaVakangoita. Vakarurama nevasakarurama vakaenda, zvakafanana.

<sup>87</sup> Zvino, kudzokera kuchidzidzo. Dhanieri akanga achiverenga. Ingofungai, Dhanieri akaverenga Mashoko mamwe chete iwayo atiri kuverenga mangwanani ano. Dhanieri akaverenga Bhaibheri rimwe chete, nyora dzemutauro dzimwe chete, mitsara mimwe chete, zvinhu zvimwe chete izvo zvandiri, kuburikidza nekubatsira kwaMwari, ndichakuverengerai muMharidzo shoma dzinotevera, chinhu chimwe chete, kukuratidzai kuti tava panguva yekupedzisira.

Uye Dhanieri, achitora Shoko kubva kuna Jeremia, anoenda zasi muBhabhironi. Uye aive muporofita akazodzwa. Uye akaita zvishamiso, chiratidzo, aigona kududzira ndimi dzisingazivikanwe, uye akaita zviratidzo nezvishamiso pakati pavo. Zvisinei, akamira ega, ari pachake! Amen! Akamira ari ega.

<sup>88</sup> Asi Jeremia akange anyora Mashoko aya makore mazhinji, akawanda zvisati zvaitika. Uye Dhanieri, achidudzira Shoko, akawana. . . “Nhai, zvino mirai zvishoma. Tava kusvika pedyo nenguva yekuguma, nekuti ndatori ndiri zasi kuno kwemakore makumi matanhatu nemasere. Uye muporofita waShe,” ameni, “hama yangu, muporofita wechokwadi waMwari akazviratidza pachake kuva muporofita, akaporofita kwatiri. Ndinazvo pano zvakanyorwa mubhuku, iro rakati, ‘Makore makumi manomwe achazadziswa.’ O Ishe Mwari, tava kusvika pedyo nemagumo. Chizvarwa chose ichocho chakafa. Muchaiti zvino, Ishe? Imi makavimbisa kutitumira. . .” Uye akazviisa pachake muchinhano, chokuti anamate.

<sup>89</sup> O Mwari, kana pakambove nenguva yatinofanira kunge tichizviisa muchinhano, chokuti tinamate, ndeino. Nekuti, isu semuranda waKe wechokwadi, tinoona, neTsamba dzemuapostora, neyambiro dzeMweya Mutsvene, kuti tiri muzuva rekupedzisira. Mweya Mutsvene notaura, “Kuti mumazuva ekupedzisira, vanhu vachave nemisoro mikukutu, vanokarira zvepamusoro, vanoda mafaro kupfuura zvavanoita Mwari, vaputsi vesungano, vapomeri venhema, vasingavidzori, uye vanozvidza avo vakanaka.” Ndinonzwisisa neTsamba.

<sup>90</sup> Uye ndinonzwisisa kuti kuchauya vaseki, muzuva rekupedzisira. Ndinonzwisisa kuti kuchave nyika ichipesana neimwe nyika, muzuva rekupedzisira. Ndinonzwisisa kuti kuchave nemafungu emvura, muzuva rekupedzisira. Ndinonzwisisa kuti kuchave nezvinoonekwa zvinotyisa, zvakaite sezviyedza zvinobhururuka, muchadenga, zvionwa zvinganzwisisike, uye mwoyo yevanhu ichange ichikundikana nekutya. Pachave nekusagadzikana kwenguva, uye nekushushikana pakati pevanhu. Ndakaverenga kuti vose vachapinda mumasango nemachechi, uye vova nemubatanidzwa, muzuva rekupedzisira. Ndinonzwisisa kuti madzimai achagera vhudzi ravo muzuva rekupedzisira. Ndinonzwisisa kuti vachapfeka hanzu pfupi, uye vofamba neshangu dzine hiri dzakakwirira, vachiita ruzha pavanenge vachienda, muzuva rekupedzisira. Ndinonzwisisa kuti mufaro uchange wakaderera kwazvo muzuva rekupedzisira. Ndinonzwisisa kuti vaparidzi vachave vafudzi venhema muzuva rekupedzisira, avo vanozorerutsa, uye vasingape vanhu kudya kweShoko raMwari, asi vachatevera zvitendwa nezvinhu, pachinzvimbo chacho. Asi ndinonzwisisa kuti kuchave neNzwi richauya mumazuva ekupedzisira, richidanidzira kubva murenje, richidanira vanhu kuti vadzokere kuMharidzo yepamavambo, kudzokera kuzvinhu zvaMwari. Ndinonzwisisa, neBhuku, kuti zvinhu izvozvo zvichaitika.

<sup>91</sup> Ndinonzwisisa kuti mumazuva ekupedzisira kuchauya nzara. Machechi achange ari muhurongwa zvakanyanya, uye akagadzikana kwazvo nezvimwe zvose, zvekuti mumazuva

ekupedzisira kuchauya nzara, uye isati iri yezvekudya nemvura chete, asi yekunzwa Shoko raMwari rechokwadi. Uye vanhu vachaenda kubva kumabvazuva, kubva kumadokero, kubva kuchamhembe, nekumaodzanyemba, vachitsvaga kunzwa Shoko raMwari rechokwadi. Asi machechi achange ari muhurongwa zvakanyanya uye akaomesa, zvekuti vachatadza kuRinzwa. Ndinonzwisisa izvozvo neMabhuku. Asi, muzuva iroro, O Mwari, pachava neDavi richasimuka kubva kuna Dhavidhi.

<sup>92</sup> Ndinonzwisisa kuti Achatumira Eria zuva iroro risati rasvika panguva yekupedzisira, uye achange aine Mharidzo iyo ichatendeutsa mwoyo yevana kudzokera kumadzibaba, kuitendeutsa kudzokera kumavambo, kudzokera zvekare kumagumo, uye votanga. Ndinonzwisisa kuti izvozvo zvichaitika Mweya usati wabva muchechi yeMarudzi, uchidzokera kumaJudha.

<sup>93</sup> Uye handinzwisise neTsamba chete. Ndinodaro kuburikidza neShoko, neShoko rakanyorwa, kuti Israeri ichadzokera kumusha kwayo; uye ndiri kuiona ichipinda.

<sup>94</sup> Ndinonzwisisa nemaTsamba, evaporofita, kuti Israeri ichava rudzi. Vachavandudza zvekare kunamata mutemberi. Mwari vachatanga kushanda nayo zvekare apo painosvika munyika yayo. Oo! Vaporofita vaviri vachasimuka mumazuva ekupedzisira, pamwe navo. Ndinonzwisisa kudaro. Sezvo apo Chechi yeMarudzi painenge yobuda, vaporofita vaviri vachasvika, Erisha naMosesi, kune Israeri. Tichazviwana patinenge tichipfuura.

<sup>95</sup> Muporofita akaona kuti nguva yakange yatove pedyo kuzadzikiswa zasi uko muBhabhironi. Zvakanaka.

<sup>96</sup> Gabrieri anoonekwa, kuzoratidza kwete chete izvo zvaakange achikumbira, asi kuzomuudza zvese zvichidzika nenzira yose izvo zvakanga zvakatarirwa rudzi rwemaJudha, nzira yose kusvikira kumagumo. Amen! Iye akakumbira zvishoma, ndokuwana chinhu chacho chose. Akangokumbira bedzi kuti azive . . .

<sup>97</sup> Dhanieri aiedza kuti azive, “Kwasara nguva yakadini, Ishe, pazvichazova zvino? Muporofita Jeremia, muranda weNyu, hama yangu, akaporofita makore makumi matanhatu nemasere apfuura, uye akati, ‘pane makore makumi manomwe ayo vanhu ava vachagara imo muno.’ Chizvarwa chose chakare chaizvoizvo chatopera zvino.”

<sup>98</sup> Pane chizvarwa chekare chepentekosti chakasimuka, makore makumi mana apfuura. “Varwi vekare,” vaidanwa kudaro. Ivo vakaita sangano, vakarova, uye vakakakavara, nzira yose paGomo reHorebhi neNebho, kupfuura nekwese ikoko. Asi, pakupedzisira, tiri parwizi zvino. Vari kuzomutsa mumwe mutsva, ana Joshua kuti avayambutse. Murairo



wakakundikana; Mosesi akaenda nawo; Mosesi akakundika. Joshua akavayambutsa. Tinoona kuti masangano akundikana, asi Mweya waMwari. . . Joshua, izwi rekuti *Joshua*, rinoreva “Jesu Muponesi wedu.” Kuti, Mweya Mutsvene uchauya muChechi. Kwete sangano, asi Mweya Mutsvene uchapinda pakati pevanhu uye woMugadzirira kuti akwire kumusoro, oyambuka Jorodhani. Ndinonzwisisa nekuverenga Bhuku kuti ndizvo zvichaitika. Uye Mwari vanoziva kuti ndizvo zvandiri kutsvaga zvino, kuti ndigonyaradza vanhu vaVo uye ndivaudze izvo zvava pedyo, zvose pano mangwanani ano, uye nekunze munyika uko kuchaenda matepi aya, pasi rose, kuti tave panguva yekuguma.

<sup>99</sup> Akazarura nzira yose kusvikira Humambo hwadzorerredzwa zvakazara uye neMireniyamu ichipinda. Ndiro raive shoko raGabrieri. Akati, “Ndauya kuzokuudza kuti pane makore makumi manomwe, mavhiki makumi manomwe, nazvino, akatarwa pamusoro pevanhu vako, akatarwa kusvika kumagumo echizvarwa chemaJudha. Pane mavhiki makumi manomwe.” Zvino tarisai izvo zvaAkataura. Kuti zvino, kubva pakuenda kunodzorerredza. . .

*Vhiki dzinamakumi manomwe dzakatemerwa vanhu vako uye nepamusoro perako. . .guta, . . .*

“Guta rako.” Bhabhironi rakange risiri guta rake. Ani. . . Ndekupi kwaiva neguta rake? Jerusarema.

<sup>100</sup> Zvino, kana tasvika kune no—nomwe, kana kuti kusimbiswa kwakapetwa katanhatu, tichaona kuti guta iroro nderipi, uye toriunza zasi uye toratidza kuti raiva chii, ndiyani uyo akarivamba, kuti rakabva kupi. Richagara nguva yakareba zvakadini? Richavakwa zvekare here? Munguva yakadini? Oo, zvinhu zvikuru zvakatimirira isu. Zvakanaka.

*Vhiki dzinamakumi manomwe dzakatemerwa vanhu vako uye nepamusoro perako. . .guta, kupedzisa kudarika, . . .*

Zvino, haAna kumboti, “Dhanieri. . .” Pasina kupokana asi izvo zvaAkamuudza kuti mavhiki makumi manomwe akange. . . ndinoreva, makore makumi manomwe akange oda kutopera. Makumi matanhatu nemasere, kwangosara makore maviri. Uye tinoona kuti chiporofita chaJeremia chakanyatsorova chaipo pakananga. Makore maviri akatevera, vakabuda. Nehemia akaenda akanopihwa tsamba kubva kuna mambo, ndokuvaka rusvingo munguva yekutambudzika. Vakashanda. Iye akati, “Rusvingo. . .” Teererai kune izvi.

*. . .kupedzisa kudarika, . . .kugumisa chivi, . . .*

“Kugumisa chivi.” Kuna ani? MaJudha. “Akatarirwa pamusoro pavanhu vako,” kwete pamusoro peMarudzi. “Pamusoro pevanhu vako,” maJudha. “Uye neguta rako,” kwete

New York, kwete Boston, Philadelphia, Chicago, Los Angeles, Rome. Asi, “Pamusoro peguta rako,” Jerusarema.

...uye *kupedzisa kudarika*,...*kugumisa* chivi,...  
kuita yananisiro yekusarurama, nekuunza *kururama*  
*kwekusingaperi*, *nekusimbisa* chiratidzo nechiporofita,  
uye *nekuzodza nzvimbo tsvene-tsvene*. (Tarisai!)

*Naizvozvo chiziva uye unzwisise, kuti kubva*  
*pakutemwa kwemurairo wokuvandudza nekuvaka*  
*zvekare Jerusarema (iro raiva guta rake) kusvika...*  
*Mesia Muchinda achave manomwe (emakumi*  
*manomwe) mavhiki,...*

<sup>101</sup> Mirirai kusvikira tapinda mune izvozvo! Oo, ini zvangu! Iro iropafadzo iro ini...Ndiri kuzozviwanira tambo ndozvisungira pachangu panzvimbo pano.

<sup>102</sup> Akazvizarura nzira yose kusvika zasi, akati, “Handisi kuzokutaurira zvino bedzi kuti iwo makore maviri ave kutongoda, achapedziswa, achazadziwa.” Uye isu tese tinoziva kuti vakagara ikoko makore makumi manomwe, uye—uye ndokubuda, chaizvo sezvakanga zvataurwa nemuporofita. Uye Isaya, kana kuti ndinoreva...Dhanieri akatenda muporofita iyeye, saka hepano paaive, akagadzirira. Zvakanaka. Uye iye...

<sup>103</sup> Uye zvino, apo Gabrieli paakauya, Akati, “Ndauya kuzokuratidza nzira yose, kuzozarura kwauri zvinhu izvi, izvo, nzira yose kusvika kumagumo.” Maona? Tarisai.

...chinyangadzo *achachiita kuti chive dongo,*  
*kunyangwe* kusvikira kumagumo,...

<sup>104</sup> *Magumo* “kunoperera zvinhu zvose.” “Ndiri kuzokuratidza izvo zvichaitika.” Zvino teererai. Zvibatei! “Ini...Dhanieri, ndatumwa. Iwe unodikanwa Kudenga. Uye ndanzwa minamoto yako uye ndaburuka zvino kuti ndikuudze izvo zvakatarirwa maJudha neJerusarema, kubva iye zvino kusvikira pakupera kwemagumo, chinhu chacho chose.”

<sup>105</sup> Zvino, munonzwisisa here, kirasi? Kana tikakwanisa kuziva kuti mavhiki makumi manomwe aya chii, tinobva taziva apo panozova nemagumo. Oo, ini zvangu! Mwari tibatsirei kuti tizvize. Rinotitaurira chaizvoizvo pane imwe nzvimbo mumapeji aya, chaizvoizvo kubva panguva iyoyo kusvika panguva ino, kusvikira kumagumo, uye hazvipotse neminiti imwe zvayo.

<sup>106</sup> Kutu Shoko raMwari guru...Apo Mwari pavakagadzira nyika uye vakaiisa mugwara rayo. Uye ndakanga ndichiparidza humwe husiku, Svondo manheru, kuti hapana kana chinokundika. Handiti, nyika ino inotenderera zvakanyatsokwana kusvikira vanokwanisa kukutaurira chaipo pachapfuura zuva nemwedzi, mumakore makumi maviri kubva nhasi, kusvika paminiti yacho chaiyo. Ini handikwanise

kukutaurirai, newachi ipi zvayo yatinayo mune pasi rose; inozorasikirwa nemaminitsi maviri kana matatu pamwedzi, kana kuwedzera maminitisi maviri kana matatu, yakanakisisa yatinayo. Hatigone kugadzira kana chinhu chakakwana zvakadaro. Nekuti, panongova nechinhu chimwe chete chakakwana, ndiMwari. Uye Mwari neShoko raVo vamwe chete, saka Shoko raMwari rakakwana.

<sup>107</sup> Uye kana tikakwanisa kutsvaga mazuva ano, tichawana chaizvoizvo apo pachange paine magumo. Mazvibata here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti] “Zvakatarirwa kusvika kumagumo.” Ndimu 24, “vanhu vako neguta rako dzvene,” rinova Jerusarema. Ndine 21... ndima 24 pano. Jesu akataura pamusoro peizvi muna Mateo 24.

<sup>108</sup> Zvino, Hama Collins, kana vari pano mangwanani ano, handizivi kuti varipo here kana kuti kwete. Mune mibvunzo humwe husiku, vakavhunza mubvunzo. (Ndinodaira kuti zvakanaka kuti ndizvitaure, Hama Collins.) Nezve, “Chinyangadzo chinoparadza, munoono, izvo zvazvaireva?”

<sup>109</sup> Jesu akataura nezvazvo, muna Mateo chitsauko 24, uye tinozviona. Hongu, Mateo 24:15. Zvino regai ndingowana ipapo nekukurumidza, kuitira kuti mukwanise kuona kuti chii, Jesu achitaura pamusoro pechinhu chimwe chete pano, achitaura zvekumashure kunaDhanieri. Mateo 24:15, kunemi muri kunyora pasi. Ndinoda kuti imi, mumwe nemumwe zvino, kunyanya manheru ano ne—neSvondo inotevera, hunzai mapenzura nemapepa, nekuti tiri... kunze kwekunge uine tepi. 24, uye ndima 15, “Uye apo naizvozvo...”

*Uye kana imi naizvozvo muchiona nyangadzi  
yokuparadza, yakarehwa nezvayo nemuporofita  
Dhanieri,...*

Fungai! Aya makore mazana mana anemakumi masere nematatu, mana, mashanu, makumi masere nematanhatu zvisati zvaitika. Makore mazana mana anemakumi masere nematanhatu zvisati zvaitika.

*...Dhanieri muporofita, yakamira panzvimbo  
tsvene,...*

Zvino tarisai muBhaibheri renyu. Zviri mumabhuraketsi.

...(uyo anorava, ngaanzwise:)

<sup>110</sup> Zvino, Ari kutaura kumaJudha. Vanoda kuziva kuti, “Zvakadiniko netembere iyi? Ko ichaparadzwa rinhi? Ko ichavakwa zvekare rinhi? Ko ndirinhi apo pachasvika nguva yekuti hapazove nedombo rimwe pamusoro perimwe? Zvichatora nguva yakareba zvakadini?”

<sup>111</sup> Akati, “Pamunoono ‘chinyangadzo chinoparadza, chakamira apo...’ Dhanieri, ‘chakamira panzvimbo tsvene.’”

Akati, “Pamunoona izvi zvichiitika, zvino regai uyo anoverenga anzwisise izvo zvaari kutaura nezvazvo.”

Ndicho chikonzero tiri kunamata kuna Mwari, kuti vanyatsozviita zvakakwana, zvekuti hapazove nemumvuri mumwe wekupokana. Nekuti, hatifaniri kuisa dudziro yedu pachedu kuzvinhu izvozvo. Zvinofanira kuuya kubudikidza neZVANZI NAJEHOVHA. Saka, ndiri kuzvisiya zviri ipapo chaipo kusvikira ndanzwisisa.

Ndokuzarura zvinhu zvose kwaari, icho “chinyangadzo.”

<sup>112</sup> Uye, rangarirai, zvine dudziro yakapetwa kaviri, sezvakaita, “Dana mwanakomana wangu kubva muEgipita.” Sezvo Israeri yakadanwa ndokubuda, saizvozvowo Jesu, Mwanakomana waVo, akadanwa ndokubuda.

Uye zvichange zvingori izvo chaizvo zvichaitika, sechokwadi sekumira kwandakaita pano. Uye Vakazviita nenzira yekuti, uye Vakazviita zvese zvakavanzwa, zvose zvakavanzwa kubva kune Chechi. Oo, patichapinda zasi mune izvozvo, mune kunzwisisa kwakapetwa katanhatu, kuti Ivo vakava neizvi zvose sei zvakavanzwa kune Chechi, kuitira kuti Chechi inge ichizvitarisira miniti yega-yega, isingazive apo paAchange achiuya. Asi zvino zera reChechi rava kuda kutopera, saka iyo yagadzirira zvino kuitira Kuuya, iri kungogadzirira.

<sup>113</sup> Iri ndiro rimwe reMagwaro akakosha kwazvo muBhuku. Ko rinoitei? Rinotaura nezvekuvharwa kwerudzi rwemaJudha, vanhu vechiJudha. Rugwaro urwu, mavhiki makumi manomwe, rwunoburitsa pachena uye rwotaura chaizvo kubva panguva iyo Dhanieri yaakatanga ikoko, kusvikira kwekupedzisira kwemagumo. Ndirwo rwumwe rwewachi hurusa. Vangani vakandinzwa ndichiti, “Kana uchida kuziva kuti izuva ripi revhiki, tarisa pakarenda. Kana uchida kuziva kuti inguva ipi yatiri kurarama mairi, tarisa maJudha”? Ndizvozvo. Pane karenda yaMwari, yakatorwa kubva pano chaipo. Chero mudzidzi upi zvake wezvechitendero, chero mudzidzi upi zvake weBhaibheri, chero ani zvake, anokuudza kuti ichi ndicho chiringazuva, maJudha.

Zvino inguva yakadini yatinayo? Tingori. . . vanhu, kupisa, oo, ini. . .

<sup>114</sup> Hazvinei nechekuita neMarudzi; Zvisimbiso Zvinomwe izvi, Matenda Manomwe, Nhamo Nomwe, Hwamanda Nomwe, hazvina kana chinhu chimwe chekuita. Chechi yeMarudzi ichange iri Mukubwinya panguva iyoyo. Hazvinei kana nechekuita nesu, Chechi yeMarudzi. Zvinongoshanda bedzi neIsraeri. “Dhanieri, vanhu vako neJerusarema.”

<sup>115</sup> Zvino, uye zvoburitsa pachena zvokwadi dzekuti Mwari vanoshanda bedzi nemaJudha kana vari munyika yavo. Hareruya! Ipapo ndipo pandinofunga kuti zvasvika pamwongo, ipapo chaipo.

Ivo vanogara vachizama kuiti ndeye kubva panguva iyo Israeri yaiva ikoko panguva yaDhanieri. Uye mumwe munyori mukuru. . . Nokuti, ndinoziva vamwe vevateveri vake vagere pano, handizvitaure. Asi ndicho chikonzero vaive nezvinhu zvose izvi zvenhema.

<sup>116</sup> Maiziva here kuti sei maMillerite, vasati vava maSavadha, izvo zvavakaita kumusoro kuno? Muna 1919, vakatora mapapiro avo, (imi mose makaona mubepa reCourier), uye vakauya kumusoro kuno kuti vabhururuke vachienda, mangwanani iwayo. Kwaive kuri kutora mavhiki makumi manomwe aDhanieri. Uu-huh, muMillerite. Zvadaro, gare-gare, kuburikidza naMai Ellen White, avo vaive muprofitakadzi wavo, vakatendeuka ndokuzvidana kuti maSavadha. Uye zvino vakashandura zita ravo kuva The Voice of Prophecy. Maona? Mazita matatu akasiyana echinamoto chimwe chete chakatsauka.

<sup>117</sup> Zvino, asi vakange vakatsveyama, nekuti vaiedza kuisa mavhiki makumi manomwe iwayo kune vese vaviri maJudha neMarudzi. Uye Anoti pano, “Ndezve vanhu vako.” Uye Mwari havana kumbobvira vashanda nemuJudha kunze kweParastina. Uye apo Mesia, pamavhiki makumi manomwe, nemaviri, akagurwa, (kwete nekuda kwake pachaKe; nekuda kwedu, akagurwa), Israeri yakaparadzirwa, uye havana (zvachose) kumbodzokera kumusha kwavo kusvikira makore mashoma ekupedzisira apfuura. Saka, nguva yakanga isiri kuverengwa imomo kuzera reChechi. Muri kuzvibata here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti]

Hayazove 1919. Ndinogona kuratidza kuti chimwe chinhu chakaitika muna 1919, asi ndipo apo Mutumwa uya, mharidzo yeMutumwa wechitatu yakarova uye Nhamo ndokuenda. Chaizvoizvo. Asi yakanga isiri iyo. . . Ndipo apo hondo payakamiswa nenzira isinganzwisisike. Tinozwiwana muchitsauko 7 kana tasvika kwachiri, kana tasvika kuchitsauko 7. Imi mose makandzwa ndichizviparidza izvozvo, nguva zhinji, munoona, apo shoko reMutumwa parakati, “Batai mhengo ina dzenyika kusvikira tasimbisa maJudha, varanda.” Uye zvino, vakaramba vakamirira kusvikira zera rose reMarudzi range rabuda.

Zvadaro apo paAnouya achipinda, ipapo—ipapo Anobva asimbisa maJudha, zviuru zvinezana nemakumi mana nezvina vanobva vagamuchira Mweya Mutsvene. Hapo pane zviuru zvinezana nemakumi mana nezvina, zvasimbiswa. Zvakazarurwa 7. Makaiverenga.

“Uye ndakaona nhamba huru kwazvo vatove Kudenga,” Johane akaona, “veose marudzi, ndimi, nenyika, uye ivo vakamira pamberi paMwari, vakabata michindwe mumaoko avo, vakapfeka nguwo chena, vachiimba, ‘Hareruya! Ameni!’

Kubwinya, huchenjeri, kukudzwa, masimba, simba, ngazvive kuna Mwari wedu nekusingaperi-peri. Amenii!’ vachidanidzira.”

<sup>118</sup> Johane akatadza kunzwisisa ipapo. Asi akatarisa kumashure uye akaona paGomo reSinai, (kubwinya) zviuru zvinezana nemakumi mana nezvina avo vakange vasina kusvibiswa nemadzimai. MaJudha! Madzimai, machechi! Vakanga vasina kujoina masangano, Lutherani, Methodisti, Baptisti, nePresbyteriani. Asi vakanga vari maJudha kubva pakutanga, maOrthodox, uye vaive netemberi yavo ipapo, vachinamata paGomo reSinai. Ndivo zviuru zvinezana nemakumi mana nezvina. Izvozvo zviri shure kweizvi; Chechi yatova muKubwinya. Maona?

<sup>119</sup> Saka, VaSmith vaive vakanganisa, vaifanira kudaro. Nekuti, ko unozoisira izvozvo sei zasi kuno muna 1919, wobvisa zviuru zvinezana nemakumi mana nezvina? Zvadaro unenge wadzokera muchiRussellite zvekare. Maona? Zvadaro wadzoka chaimo mudzidziso yechiRussellite, yekuti, “Jesu akauya muna 1914, 1919 Akatora Chechi yaKe, uye zvino Iye ava mutumbi usinganzwisisike uri kufamba uchipoterera napamusoro penyika, kumutsa...achienda kuguva raambuya nerasekuru, uye ovamutsa vose, vose avo vaive maRussellite.” Hazvina maturo! Hazvina kana musoro muShoko. Hazvizobude zvakanaka. Kwete, changamire. Hazvidaro.

<sup>120</sup> Asi, Mwari vane Chokwadi. Uye Mwari ndiVo Vanokwanisa kuChizarura nekuChiisa imomo, uye voChiratidza nemazvo, kwatiri. Maona? Ndinotenda kuti Vachazviita. Handizvize. Ndiri kukutaurirai Chokwadi. Handizive, asi ndiri kutenda. Ndiri kutenda kuti Vachadaro.

<sup>121</sup> Saka, munoona, Mwari havana kumbobvira vashanda nemaJudha. (Ndinoda kuti muchengete izvi mupfungwa) chero bedzi Israeri . . .

<sup>122</sup> Ndipo pandakaedza kutaurira hama iyi yakagara neche pano, iri kutaura nezvekuenda kuIsraeri, garai kure neIsraeri! Garai kure nayo, imi vanhu vose muri kutaura nezvekutendeutsa maJudha. Mharidzo ino isati yapera, muchaona kuti iZVANI NAJEHOVHA, kubudikidza neShoko uye neMweya. Israeri ichatendeutsa, nyika yose, muhusiku humwe. Bhaibheri rakadaro. Asi Evhangeri haisi kunyangwe kwavari. Kune vapanduki vashoma vari kunze, nevamwe vakadaro, avo vanopinda, uye kunze kwemutumbi mukuru wemaJudha, avo vanopinda uye voponeswa. Ichocho ichokwadi. Ndinozvitenda izvozvo nemwoyo wangu—wangu wose.

Asi, rangarirai, chero bedzi Israeri iri kunze kwenyika yavo, havakwanise kuponeswa. Zvino vari kudzokera. Uye vachaponeswa, vose rudzi rwose, muzuva rimwe chete. Bhaibheri rakataura kudaro. Zuva rimwe; richaunza, zvizere, Israeri yose kudzokera kuna Mwari. Pachave nechinhu

chikuru chakadaro chicharova Israeri rimwe ramazuva ano, kusvikira chichazunguza nyika yose. Kunyangwe muporofita akadanidzira, uye akati, “Muzuva rimwe chete imi makaita izvi.” Muzuva rimwe chete, vachaZviona. Pachave nechinhu chine simba.

<sup>123</sup> Maonero angu, achave muporofita ane simba uyo achasimuka uye omira pamberi peIsraeri, uye oratidza kwavari kuti Mesia uya achiri kurarama. Mesia iyeye wavakaramba ari...?...

<sup>124</sup> Ivo vachiverenga Bhaibheri diki irozo zvino, zveBhaibheri reIsraeri. VanoRiverenga kubva kumashure vachienda mberi, nzira yavanoRiverenga nayo. Uye munoziva kuti mutauro wechiJudha unonyorwa sei. Uye saka pavanoRiverenga... Uye vanoverenga ayo avakatumirwa zasi kwavari naLewi Pethrus, maBhaibheri miriyoni. Vakati, “Kana Jesu uyu...” Vaiva ivo maJudha akaunzwa kubva zasi kuIran, uye nezasi imomo, vasina kana kumbonzwa nezvechinhu chakadaro chakaita saMesia. Zvino apo pavakagadzirira kudzokera kunyika yavo, hongu, vaisada kukwira ndege idzozo. Vakanga vachiri kurima namagejo akare. Makazviverenga mumagazini re*Look*. Vangani vakaverenga zvinyorwa izvozvo mu*Look* nemu*Times* maga...? Handiti, chokwadi makadaro. Maona? Havaibvuma kuenda ipapo. Rabhi wekare uya akamira kunze uko uye akati, “Rangarirai, muporofita wedu akati taizodzokera kumusha pamapapiro echapungu.” Hareruya!

Nyika dziri kupamuka, Israeri iri  
kubengenuka,  
Zviratidzo izvo zvakafanotaurwa neBhaibheri;  
Mazuva eMarudzi ave mashoma, azere  
nematambudziko;  
“Dzokai, O vakapararira, kune yenyu.”

<sup>125</sup> Chitongei munge muri kubengenuka. Makazvinzwa uye mukazvinzwa, uye mukazvinzwa, asi iri kuzova nguva yekupedzisira, rimwe remazuva ano. Israeri iri kudzokera kumusha kwayo. Zuva iro Mwari ravachatarira Israeri kuti ive nyika, ndiro zuva iro pasingazombwe nemumwe Murudzi anoponeswa.

<sup>126</sup> Ndicharatidza izvozvo nemavhiki makumi manomwe aya, kana ndikakwanisa bedzi kuawana mazuva acho. Ndiri kuenda uko kune... kunotoro makarenda ezvenyeredzi dzemuchadenga, ne—neJulian, zvenyeredzi dzemuchadenga, uye nere maRoma, uye nemamwe ose. Pane mamwe akawanda, pane imwe nzvimbo. Pane chimwe chinhu. Mwari vanoziva nezvazvo, uye, Ivo—Ivo vanokwanisa kuzvizarura. Maona? Ndinoziva karenda reJulian rine mazana matatu nemakumi matanhatu nemashanu pamwe nechikamu chimwe kubva muzvina chezuva, mugore. Saka, oo, iwo ose akavhengana, asi pane chokwadi, pane imwe nzvimbo.

127 Ndinoona machechi akawanda kwazvo, masangano akawanda kwazvo, vanhu vazhinji kwazvo vachiita *kudai*, uye vamwe, “Kwaziwa Maria,” uye vamwe vachinamata *izvi*, *neizvo*, *nezvimwe*. Panofanira kuva neChokwadi, pane imwe nzvimbo. Panofanira kuve naMwari, pane imwe nzvimbo. Panofanira kuva neMharidzo, pane imwe nzvimbo. Ndiri kuona vaporofita venhema vachisimuka, vachiita sevanonzvera, nedzimwe mhando dzose dzezvinhu zvichienderera mberi. Zvadaro, panofanira kuva newechokwadi ipapo, pane imwe nzvimbo, uyo wekunyepera wacho waanogadzirwa kubva paari.

128 Ndinoona vanhu vachipinda munyama, uye vachidanidzira, vachingoenderera, uye vachibuda vachinorarama mhando dzose dzechupenyu. Panofanira kuva neMweya Mutsvene wechokwadi ipapo, pane imwe nzvimbo. Ndinoona vanhu vachinyepera kuva vanonamata, nezvimwe zvakadaro, uye vachiedzesera kuzvirereka. Ndinoziva kuti kuna Mwari wechokwadi, pane imwe nzvimbo. Pane Mweya wechokwadi, pane imwe nzvimbo, nekuti ndiwo uyo munyengeri uye wakare akagadzirwa kubva paari, wekare uye wenhema. Panofanira kuva nechimwe chinhu chiri chemazvirokwazvo: munhu, vanhu, Chechi, Mwari. Panofanira kuva nechimwe chinhu chechokwadi, pane imwe nzvimbo, nekuti izvi zvakangokopwa kubva pachiri. Pane chimwe chinhu chemazvirokwazvo, pane imwe nzvimbo.

129 Ndataura kuchechi ino, pamusoro pezvipo zvenyu. [Hama Branham vanogogodza papurupiti kana—Mupepeti] Teerera! kune zvipo zvenyu; zvichengetei zviru muBhaibheri. Musatore chinotsiva, apo matenga azere neizvo zvechokwadi. Ngatichengetei izvo zvechokwadi. Ngatitorei zvechokwadi kana kuti torega kuva nechimwe zvachose. Amen.

130 Zvino, chiri pedyo, ichokwadi chekuti Mwari vanoshanda neIsraeri bedzi kana iri munyika yayo. Ngatitorei apo Mwari. . . Abrahama paakabva munyika yake uye akaenda zasi kuEgipita, chii chakaitika? Akafamba achibva pakuda kwaMwari, uye haana kuzomboropafadzwa kusvikira adzokera kumusha. Mwari havana kumbobvira vashanda naye, kana chiratidzo chimwe chete, kana chimwewo chinhu zvacho, kusvikira adzokera kumusha.

131 Tarisai kune Israeri pavakaendeswa zasi kuEgipita, makore mazana mana. Hapana kana chishamiso chimwe chete, kana chiratidzo chimwe chete, hapana kana chinhu chimwe chete chakaitika pakati pavo, hapana chakanyorwa munhorondo yeBhuku. Makumi mapfumbamwe nemapfumbamwe akare mamwe chetewo, woenda kuchechi, wopirisa gwayana, wotaura “Kwaziwa Maria,” kana chero zvazvaiva, wodzokera hako. Gore raitevera, nzira imwe cheteyo. Vaprisita vese vaiitirana nharo, “Rabhi *Nhingi-nhingi!* Tichasarudza Rabhi *Nhingi-nhingi*. Ane dzidzo iri nani. Anoziva zvakawanda pamusoro pevaEgipita.”



Chinhu chekutanga munoziva, vaEgipita na—naivo vose zvavo, vaive chinhu chakafanana.

<sup>132</sup> Ndicho chinhu chimwe chete chakaitika kune chechi. Tese takaenda kunova muMethodisti, kana kuti muBaptisti, kana kuti muPresbyteriani. “Uye isu tine dhigirii kubva kuHartford! Tine dhigirii kubva kuWheaton! Tine dhigirii kubva kune imwewo nzvimbo, kana Bob Jones! Isu, tine Bachelor of Art! Tine D.D., LL.D., kana chimwewo chinhu!” Ndekupi kwazvakasvika? Butwa rezvisina maturo.

Ndiyo nzira yazvakange zviru muEgipita. Uye Mwari havana kumbobvira vakashanda neIsraeri kusvikira yauya kunyika yayo.

<sup>133</sup> Ndinzwei! ZVANZI NAJEHOVHA, Mwari havasi kuzoshanda neChechi yaVo kusvikira Iyo yadzokera munyika yayo, Mharidzo yenguva. Dzokerai kune yepamavambo! Ibvai papfungwa dzenyu dzeMethodisti, Baptisti, Presbyteriani; dzenyu dzePentecostal, Assemblies, Oneness, Threeness, neFiveness, chero zvipi zvaingava; church of God, Nazarene, Pilgrim Holiness, church of Christ, ose ari kufamba kwaantikristu! Uye ndinocherechedza kuti izvi zvinorova nyika. Ose akatsveyama; ose ndeadhiyabhore. Oo, ini zvangu! Mune varume vane humwari mune imwe neimwe yawo. Mune vanhu vane humwari mune kumwe nekumwe kufamba ikoko. Asi sangano, pacharo, harisi raMwari, uye Mwari havazombofa vakariropafadza. Havana kumbobvira vakazviita.

<sup>134</sup> Ndinokumbira munyori upi zvake wenhorondo (uchazonzwa tepi ino) kuti undinyorere wondiudza chero nguva ipi zvayo, chechi payakaita sangano, kana Mwari vasina kuiisa pasherefu uye vakasazomboshanda nayo zvachose. Ndiudze kuti ndepapi paVakazombomutsa Lutherani zvekare, Wesley nemaMethodisti, kana kuti yePentekosti. Havana kumbobvira vadaro! Sangano iroro rakagara ipapo, uye rikashata pamwe nekuora! Mwari vakatora munhu nemunhu ari dungamunhu uye vakaedza kunongedzera vanhu kumashure kunyika yavo. Uye zvadaro, vanhu sedungamunhu vasina simba kwazvo uye vachizvibata sevakadzi, neimwe mhando yedhigirii, kusvikira varonga rimwe sangano, rikamuita mwana wegehena akapetwa kaviri pane zvaaiwa pakutanga.

<sup>135</sup> Asi, pane imwe nzvimbo, zvechokwadi, Jehovha vane mumwe munhu uyo waVanogona kuisa maoko aVo paari, uyo asingazorerutse pavari...-humwari, sangano risina humwari; Uyo achatendeutsa vanhu vachidzokera kuDombo, Kristu Jesu, kudzokera kupentekosti yepakutanga neMweya Mutsvene wepakutanga, nezviratidzo zvepakutanga uye nezvishamiso zvepakutanga. Zvechokwadi Ivo vane mumwe chete, pane imwe nzvimbo, uyo asingazokundiki pasi pemhando ipi zvayo

yekutambudzwa, kutiza, kusiyana nazvo, kuwira kunze, chero chimwe chipi zvacho; uyo anozogara naro.

Mwari havamboropafadze Israeri kusvikira yapinda munyika yayo.

<sup>136</sup> Mwari havazombokuropafadze iwe, uri muMethodisti, muBaptisti, muPresbyteriani, muKatorike, kana muPilgrim Holiness, muNazareni, wechurch of Christ, kana—kana wesangano rePentekosti. Havazombofa vakakuropafadza nenzira iyoyo. Dzoka kunyika yekwako, kumavambo, dzokera kune chiitiko chepentekosti sezvakaitika paZuva rePentekosti apo Simba raMwari mupenyu rakashandura zviuru zvevanhu izvozvo, uye rikaita kuti mwoyo yavo ibvire neMoto waMwari, uyo wairatidza zvechokwadi; kwete zviratidzo zvakatevedzerwa, kwete kuverenga njere zvakagadzirwa nevanhu, kwete kumwe kuseka, uye ndokupinda mumujaho wemakonzo sewatinawo muAmerica. “Ndiani anokwanisa kuva netende rakakura kupinda ese?” Kana kuti, “Ndiani anokwanisa kuva nemhomho yakakura kupinda dzimwe?” Mutsauko upi wazvinoita kuna Mwari? Mwari vanoda kuti vanhu vatendeke mumwoyo, kwete mhomho yakakura. Uye isu tose tine mujaho wemakonzo pano, kumhanya. Zvinonyadzisa zvakadini, kuona kana tichikwanisa kuwedzera chimweze chiuru kusangano redu. Zvinonyadzisa. Vari kuda kuti tidzokere kuChokwadi, kudzokera kuMweya, kudzokera kuChiedza chaicho, kudzokera kumugwagwa mukuru muna Kristu, kudzokera kuChokwadi. Ko Vangazombotiropafadza sei nenzira yatinoenda nayo? Havadaro.

<sup>137</sup> Havana kumbobvira varopafadza Israeri kusvikira yadzokera kunyika yechipikirwa. Uye pava kadzokera munyika yechipikirwa, zviratidzo nezvishamiso zvakatanga kuitika. Ivo vakatuma munhu zasi ikoko pakati pavo, aiva nezita rekuti Mosesi. Chii icho Mosesi uyu chaakauya nacho achidzika zasi, fundo yebhaibheri yakakwenenzverwa here? Akauya zasi nedhigirii reBachelor of Art here? Akauya here zasi neLL.D., Ph.D.? Akauya zasi nesimba raJehovha, uye nemharidzo, “Dzokerai, kubva munyika ino, moenda kumusha. Dzokerai, O makapararira, muende kune yenyu.” Amen!

<sup>138</sup> Kwemakore anoda kusvika zviuru zviviri, maJudha akanga ari kunze kwenyika yawo, akapararira kumhepo ina dzenyika. Taikwanisa sei kuita kuti Mharidzo ino igare kwemavhiki zvino, dai taifanira kupinda muhudzamu. Tinokwanisa kuronda Israeri kare kumashure chaiko uye toratidza apo payakaparadzirwa neHumambo hwechiRoma, pakuramba kwavo Mesia; kuti iyo yakaendeswa sei kunyika dzose dziri pasi peDenga.

Dzokerai kuna Jakobho, Israeri, kumashure muna Genesi 44 ne 45, uye toratidza kumashure ikoko kuti akaropafadza sei madzitateguru iwayo uye akavaudza chaipo pavaizova vakamira

mumazuva ekupedzisira. Uye ndinogona kunongedzera kwamuri chaizvoizvo (rudzi rwese) rwelsraeri, dzinza rogaroga reIsraeri, rakamira chaimo munyika umo marakataurwa kunzi ndimo maraizove. Uye hepano patiri nhasi.

<sup>139</sup> MuJudha watinoziva, haasi iye muJudha wemazvirokwazvo. MuJudha wemazvirokwazvo ndeuvo muOrthodox chaiye asina kuzvisvibisa pachake nezvinhu zvenyika, uyo asina kubuda akanojoina mamwe machechi. Ndivo vacho vari kudzokera ikoko, vachirarama nechizi nechingwa, pamativi ezvikomo, vasingatenderwi muguta rekare. Vakatozvivakira guta kudivi iri, munzvimbo isina muridzi wayo, nezvigwagwagwa zvakanongedza nzira dzose mbiri. Asi iyo yatanga kuburitsa mabukira ayo. Amen, naameni! Nguva yava pedyo.

<sup>140</sup> Hapo pana Ishmaeri naIsaka, vakamira ipapo, vachikakavadzana pamusoro penzvimbo, asi zvakadaro, iyo ndeye Israeri. Kana zvikaitika kuti uoenda kuJerusarema idzva, ivo havazokutendera kuti uuye kuJerusarema rekare. Unofanirwa kuenda ikoko kutanga uye wovarega kuti vakutsanangurire zvese, maArabhu, zvadaro vokutora kuenda kune rimwe divi. Ndivo vana vaIshmaeri. Asi, mirai, pari kuuya nguva apo vana vaMwari vari kuzoritora. Ndizvozvo. Jerusarema richavakwazve. Chibayiro chezuva nezuva chichagadzwa.

Uye uyo antikristu achaita sungano kwavari mavhiki manomwe ekupedzisira. Uye pakati payo, achatyora sungano iyoyo, ovatendeutsira vese muchiKatorike. Chinyangadzo chichapararira pamusoro pechinhu chacho chose, saizvozvo, uye zvadaro kuguma kuchavapo.

<sup>141</sup> Tarirai, “mavhiki makumi manomwe.” Hongu, ipapo ava pedyo kusvika makore zviuru zviviri avanga vasipo; vakadzingwa zvino, vanhu vavo; sezvazvakange zvakaita mukuomeswa kwemwoyo waFarao, Akatozofanira kuomesa mwoyo waHitler. Mamiriyoni avo akafa. Tarisai kune uyu Eichmann, aine mhosva yekuuraya mamiriyoni matanhatu emaJudha. Mamiriyoni matanhatu avo, mweya yevanhu, vacheche, vana, vakuru, vese vakaurayiwa; Eichmann, murume mumwe chete. Tarisai Russia, kuti makavadzanga sei kubva imomo. Vakavadzanga kwese-kwese. Vakange vari rudzi rwaizvidzwa.

<sup>142</sup> Asi nekuda kwerudo rwemari yavo, vakadzoka zvekare. Asi vashoma ivavo vari kudzokera kuParastina. Amen, hama! Apo pamunoiona ichitanga kuuya kunyika kwayo!

<sup>143</sup> Vava nevanokwana imomo zvino kusvitsa avo vangaite zviuru zvinezana nemakumi mana nezvina. Uye chii chiri kuitika? Vachaziva Josefa wavo. Regai kunetseka. Hongu, changamire. Uye vese vakamira ipapo vakamirira kuti zviitike. Uye panguva yacho chaiyo . . .

<sup>144</sup> Nyika dzakavazivisa kuti vava nyika, gore rino rapfuura. Kana izvozvo zvaitika, tava pedyo nekuguma, Chechi yeMarudzi yatoenda. Saka, chero nguva ipi zvayo, Mwari vanokwanisa kuti, “Israeri vanhu vaNgu.” Kana zvadaro, Marudzi anenge apedzwa nawo.

<sup>145</sup> “Vachatsika-tsika,” akadaro Jesu, muna Mateo 24. “Chinyangadzo chinounza kuparadzwa, vachatsikira pasi masvingo eJerusarema kusvikira mwaka weMarudzi wapera.” Kana izvozvo zvapera, zvadaro maJudha achadzokera maJerusarema, kuti vavake temberi zvekare nekunamata kwemutemberi. Tichazviwana zvose muMharidzo idzi dzinotevera, mavhiki makumi manomwe echinangwa chakapetwa katanhatu.

Zvino ndichaverenga izvozvo ndisati ndavhara, nekuti inozonge yava nguva ipapo yekuti tisvike kumba, zvadaro todzoka manheru ano nenguva dza seven o'clock.

<sup>146</sup> Chekutanga, chekutanga, kana muri kuzvinyora pasi, “Kupedzisa kudarika.” Dhanieri, chitsauko 9, ndima 24. “Kupedzisa kudarika,” chekutanga. “Kuunza kuguma kwechivi,” chechipiri. “Kuita yananiro yekusarurama,” chechitatu. “Kuunza kururama kwekusingaperi,” chechina. “Kusimbisa chiratidzo nechiporofita,” chechishanu. “Kuzodza nzvimbo Tsvene-tsvene,” chechitanhatu. Uye ndizvo zvatichataura nezvazvo manheru ano. Mwari, vachiita kuti zviitike!

<sup>147</sup> Zvino chimbomirai, regai ndizvidzokorore zvekare, kuitira kuti muzvibate. Chekutanga, “kupedzisa kudarika.” Chechipiri, “kugumisa chivi.” Chechitatu, “kuita yananiro yekusarurama.” Chechina, “kuunza kururama kwekusingaperi.” Chechishanu, “kusimbisa chiratidzo nechiporofita.” Chechitanhatu, “kuzodza nzvimbo Tsvene-tsvene.”

Regai ndizviverenge kwamuri zvino, kubva mu—kubva muBhaibheri. Indima 24.

Nomwe- . . . *mavhiki akatemerwa* pamusoro pevanhu vako (maJudha) uye napamusoro peguta rako—rako dzvene (Israeri, maJudha, Jerusarema), *kupedza* . . . kudarika (chekutanga), . . . kugumisa chivi (chechipiri), . . . kuita yananiro yekusarurama (chechitatu), . . . kuunza *kururama kwekusingaperi* (chechina), uye *nokusimbisa* chiratidzo (chechishanu)—*chiratidzo nechiporofita*, uye *nokuzodza nzvimbo Tsvene-tsvene* (chchitanhatu).

<sup>148</sup> Ndizvozvo chaizvo izvo zvaAkauya kuzomuudza, zvaizoitwa, uye zvadaro kuguma kwozovapo.

<sup>149</sup> Zvino, manheru ano tichawana kuti zvinhu izvozvo zvinombovei, uye toona kuti tava padyo zvakadii kusvika ipapo. Uye zvadaro Svondo inotevera, tounza pamwe nekuisa

panzvimbo zvinhu izvi zvenguva chaipo apo patakamira. NdinoMuda.

<sup>150</sup> Israeri vachidzokera kumusha kwavo, Israeri. Regai ndingotaura izvi zvino patiri...Ndinofungidzira kuti zbabva patepi. Regai nditaure izvi. Nguva yacho chaiyo iyo Israeri inova nyika...Chikonzero ndakagara ndichitenda, pamberi pekirasi yangu pano, kuti paive nechimwe chinhu chekuti ndaizove nechikamu, ndisati ndafa, chekudzosa Israeri kunaShe. Nekuti, apo panguva yacho chaiyo, kuburikidza nechati yePan American, iyo Israeri payakaziviswa kuva nyika, kekutanga kwezviuru zviviri zve makore kubva pavakange vakapararira, vasiri vanhu; yakanga iri awa imwe chete iyoyo chaiyo, chaizvoizvo kusvika paawa, iyo Mutumwa waShe akasangana neni kumusoro uko uye akandituma kune...neEvhangeri. Chinhu chacho chimwe chete chaicho, Chivabvu 7, 1946.

<sup>151</sup> Zvino, ipapo, chimwe chinhu chinondipa kuti ndizive. Ndiko “kudzoreredza mwoyo yevana kudzokera kumadzibaba, nemwoyo yemadzibaba kuvana,” Mharidzo. Cherechedzai, Maraki 4 (kwete 3), 4!

<sup>152</sup> Chimwe chinhu. Apo Billy, mwanakomana wangu, neni, Hama Ern Baxter, takanga tiri munzira yedu kuenda kuParastina, mushure mekunge tasangana nemaJudha kweHama Arganbright, uye iwe vakaona musangano. Lewi Pethrus akanga atumira maBhaibheri aya ikoko. Uye akati...MaJudha aya akauya, akati, “Kana mukadana boka revatungamiriri veIsraeri, Ndinoreva, kwete vanarabhi vatsva ava nemhemberero dzavo dzose, asi modaidza vatungamiriri chaivo veIsraeri pamwe chete. Uye takaverenga Testamende Itsva iyi, uye tinoziva kuti kana Mesia auya, Iye achatiudza zvinhu izvi, semudzimai weSamaria. Tinoziva kuti Mosesi akati Mesia wedu aizove muporofita. Uye apo paunokwanisa kuvaudza nekuvaratidza, kuburikidza neGwaro,” izvo zvatichawana muMharidzo yemanheru ano, “kuti ivo vaifanira kudzimaidzwa uye mwoyo yavo yogurwa, kuitira kuti nguva yeMarudzi iuye, kuti taizove nenguva yekuyanana yekuMarudzi. Uye mwoyo yavo yakaomeswa chaizvo sezvazvaive zvakaita munguva yaJosefa, nevamwe vakadaro. Uye zvadaro vounza maJudha iwayo panzvimbo, uye modaidza varume ivavo kubva muvateereri ivavo, sezvamunongoita veMarudzi ava pano, nekufemera ikoko kweMweya. Nekuti,” ivo vakati, “kana Jesu uyu, kana Ari Mesia, uye mashoko enyu ari echokwadi, saka haAna kufa, uye Mupenyu. Uye kana Ari mupenyu, Akavimbisa kuva mune vaKe...mur...muranda—varanda vaKe, vadzidzi vaKe. Uye kana tikakwanisa kuMuona achiita chiratidzo chemuporofita, zvadaro tinozotenda kuti Ndiye Mesia.”

Chinhu chakakwana zvakadini, chakarurama chaizvo. Zvadaro, izvozvo zvaizoitei? Rudzi rwaizozvarwa muzuva

rimwe chete, pakati pevatungamiriri. Mumwe nemumwe wavo aizoti, “Tinozviziva.” Kana rabhi iyeye ataura izvozvo, zvinobva zvaringana. Rudzi rwaizozvarwa muzuva rimwe chete. Israeri yaizozvarwa muzuva rimwe chete.

<sup>153</sup> Uye ndakanga ndiri munzira yangu, uye ndikamira paCairo, muEgipita, ndiine tikiti muruoko rwangu, uye maminiti gumi nemashanu kana kuti makumi maviri enguva yekudana. Vakanga vogadzirira kudana. Uye ndakafamba ndichidzika kuti ndinoona chimedu chidiki chemuvanga ichi, nenzou diki yakagadzirwa nemuvanga, iine nya—nyanga dzenzou. Ndakanga ndiri kuzoitumira kune mumwe chiremba shamwari yangu, Chiremba Sam Adair, kuitira chokutsimbirisa mapepa. Uye ndakange ndichiitarisa. Uye Chimwe chinhu chikati kwandiri, “Ino haisati iri iyo nguva yacho. Gara kunze kweParastina.”

<sup>154</sup> Saka ndakafunga, “Ndini hangu ndanga ndiri kungofunga izvozvo.” Uye ndakaenderera mberi.

Chimwe chinhu chikati, “Ino haisi iyo nguva yacho.”

<sup>155</sup> Zvino ndakabuda ndokuenda seri kwechivakwa chinochengeterwa ndege. Ndakasimudza musoro wangu kuna Mwari. Ndikati, “Mwari, ndiMi here manga muchitaura neni?”

<sup>156</sup> Ndokuti, “Ino haisi iyo nguva yacho. Gara kunze kweParastina. Ino haisi iyo nguva yacho.” Zvadaro ndakatora tikiti rangu ndikarishandura, ndikaenda ndichibva ipapo kumusoro ndichipfuura nemuRoma, ndokudzoka kuLisbon, muvaPutukezi, uye kubva ipapo ndokudzokera kuUnited States.

<sup>157</sup> Nguva yakanga isati yakwana. Kusarurama kweMarudzi hakusati kwazara nazvino, kungosvika kumuro mo wemukombe. Asi rimwe zuva zvichaitika, uye Mwari vachatumira mumwe munhu ikoko anova muporofita, uye acharatidza kwavari. Ndinovimba kuti Mwari vachamusimudza izvozvi, chero waanogona kuve, vachamusimudza nekukurumidza. Ndinotenda kuti zvinofanira kuuya. Ndizvo zvatiri kudzidzira izvi, kuti tave pedyo kwazvo.

<sup>158</sup> Uye, rangarirai, miniti yacho chaiyo iyo maJudha pavanogamuchira Kristu, Chechi yeMarudzi inenge yatoenda. Zvadaro Marudzi vanova nematenda achidururirwa pavari, Kutambudzika.

<sup>159</sup> Uye—uye ko varume, vadzidzisi vakuru vangadzidzise sei, uye vachitarisa kune Bhaibheri iri seizvi, uye votaure kuti Chechi inopfuura nemunguva yeKutambudzika, apo ipo pasina Gwaro muBhaibheri rinozvitaure! Havana kana chinhu chimwe chete.

<sup>160</sup> Mumwe murume akandiudza, kwete nguva refu yapfuura, akati, “Oo, Hanzvadzi McPherson vakadzidzisa kuti Chechi ichapfuura nemunguva yeKutambudzika, nekuti tichange tiri

zviedza zvinopenya munguva iyoyo.” IIsraeri ipapo, kwete Marudzi.

Marudzi anenge atoenda, Chechi. Havafaniri kupfuura nemunguva yeKutambudzika. “Shato yakasvipa mvura kubva mumuromo mayo,” chitsauko 17, “uye ikaita hondo nevakasara,” mhandara ivete. Kwete. . . Chechi yechokwadi inenge yatoenda. Inenge yatova kuMabiko eMuchato kune ava, inguva yekuti Mabiko eMuchato anenge achiitika, vhiki rekupedzisira. Uye ndipo apo panopinda nguva yeKutambudzika, apo mhashu nekutambudzwa zvinosimuka pamusoro pemachechi, izvo zvinhu zvakadaro.

Zvadaro, kumagumo, muchitsauko 19, hepano paAnouya neChikomba chaKe. Hareruya! “Mambo wamambo, uye Ishe wemadzishe; nguo yakanyikwa muRopa, uye hondo yeKudenga yakatasva mabhiza machena, ichiuya naYe. Hayo Ouya, kuzatora nzvimbo yaKe kuitira Mireniyamu. Amen! Oo!

Ngariropafadzwe Zita, oo, ngariropafadzwe  
Zita,  
Ngariropafadzwe Zita raShe;  
Ngariropafadzwe Zita, oo, ngariropafadzwe  
Zita,  
Ngariropafadzwe Zita raShe.

Jesu ndiro Zita, Jesu ndiro Zita,  
Jesu ndiro Zita raShe;  
Jesu ndiro Zita, oo, Jesu ndiro Zita,  
Jesu ndiro Zita raShe.

Kudzai Zita raKe, oo, kudzai Zita raKe,  
Oo, kudzai Zita raShe;  
Kudzai Zita, oo, kudzai Zita,  
Kudzai Zita raShe.

<sup>161</sup> Unozviita sei? UnoRiita guru muhupenyu hwako. Unorarama hupenyu uhwo hwekuti vanokwanisa kuti, “Hoyo muranda waKristu.” Ndiwo makudziro aunoita Zita racho. Ngationei. Oo, hamuMude here? [Ungano inoti, “Amen.”—Mupepeti] Oo, ini zvangu! Rwiyo rwedu rwudiki zvino:

Muchidyiyo kare-kare, ndinoziva chaizvoizvo  
kuti ndizvo,  
Mucheche akazvarwa kuzoponesa vanhu  
kubva kuchivi chavo.  
Johane akaMuona pamahombekombe,  
Gwayana rekusingaperi,

Gwayana iroro rine izvo Zvisimbiso Zvinomwe, Mumwe chete bedzi Kudenga nepanyika akakwanisa kuritora. Muchi- . . .

Muchidiro kare-kare, ndinoziva chaizvoizvo  
 kuti ndizvo,  
 Mucheche akazvarwa kuzoponesa vanhu  
 kubva kuchivi chavo.  
 Johane akaMuona pamahombekombe,  
 Gwayana rekusingaperi,  
 Oo, ngariropafadzwe Zita raIshe.

Oo, ngariropafadzwe Zita, oo,  
 ngariropafadzwe Zita,  
 Ngaripafadzwe Zita raIshe;  
 Ngaripafadzwe Zita, ngariropafadzwe Zita,  
 Ngaripafadzwe Zita raIshe.

<sup>162</sup> Ndinofarira kunamata. Hamudaro here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti] Zvino, hatiuve kuchechi kuzongonzwa mharidzo; izvozo zvinoenderana pamwe nazvo. Asi isu tinouya kuchechi kuzonamata, kunamata muMweya nemuChokwadi. Manzwa Chokwadi; ndiro Shoko. Maona? Zvino, kunamata, ndiko kuzviratidza pachako kwaAri. Maona?

*Oo, Ndinoda Murume Uya weGarirea!* Tipei chuni diki pane irworwo. Hongu, changamire. Unorwuziva here, Teddy? Ndakanganwa zvino. Ngationei. Ngationei.

Oo, ndinoda Murume uya anobva Garirea,  
 anobva Garirea,  
 Nekuti Akaita zvizhinji kwazvo kwandiri.  
 Akaregerera zvivi zvangu zvole, akaisa Mweya  
 Mutsvene mandiri;  
 Oo, ndinoda, ndinoda Murume uya weGarirea.  
 Muteresi akaenda kundonyengetera  
 mutemberi imomo rimwe zuva,  
 Akachema, “O Ishe, ivai netsitsi kwandiri!”  
 Akaregererwa chivi chimwe nechimwe, uye  
 rugare rwakadzama rwukaiswa maari;  
 Iye akati, “Huyai, muone Murume uyu anobva  
 Garirea.”

Oo, ndinoda Murume uya anobva Garirea,  
 anobva Garirea,  
 Nekuti Akaita zvizhinji kwazvo kwandiri.  
 Akaregerera chivi changu chose, akaisa Mweya  
 Mutsvene mandiri.  
 Oo, ndinoda, ndinoda Murume uya weGarirea.  
 Vakaremara vakaitwa kuti vafambe, mbeveve  
 dzakaitwa kuti dzitaure.  
 Simba iroro rakataurwa nerudo pane gungwa.  
 Bofu rakaitwa kuti rione, ndokuziva kuti  
 raikwanisa bedzi kuva  
 Simba reMurume uya anobva Garirea.



Oo, ndinoda Murume uya anobva Garirea,  
 anobva Garirea,  
 Nekuti Akaita zvizhinji kwazvo kwandiri.  
 Akaregerera chivi changu chose, akaisa Mweya  
 Mutsvene iwoyo mandiri.  
 Oo, ndinoda, ndinoda Murume uya anobva  
 Garirea.

Teererai kune iyi.

Mudzimai wepatsime, Akamuudza zvivi zvake  
 zvose,  
 Kuti aiva sei nevarume vashanu panguva iyoyo.  
 (Ndiye Iye.)

Iye akaregererwa chivi chose, rugare  
 rwakadzama rwukauya maari;  
 Ipapo akadanidzira, “Huyai, muone Murume  
 uya anobva Garirea!”

Oo, ndinoda Murume uya anobva Garirea,  
 anobva Garirea,  
 Nekuti Akaita zvizhinji kwazvo kwandiri.  
 Akaregerera chivi changu chose, akaisa Mweya  
 Mutsvene mandiri.  
 Oo, ndinoda, ndinoda Murume uya anobva  
 Garirea.

NdinoMuda. Hamudaro here? [Ugano inoti, “Ameni.”—  
 Mupepeti] Mwoyo wangu wese! Hamudaro here? [“Ameni.”] Ko  
 Iye haashamise here? [“Ameni.”]

Oo, anoshamisa, anoshamisa, Jesu kwandiri,  
 (Ko Iye chii?)  
 Gurukota, Muchinda weRugare, Ndiye Mwari  
 Samasimba;  
 Oo, anondiponesa, kundichengeta kubva kune  
 chivi chose nekunyadziswa,  
 Anoshamisa Mudzikinuri wangu, rumbidzai  
 Zita raKe!

Ngatikotamisei misoro yedu zvino tifunge nezvazvo.

Ndakambenge ndakarasika, asi zvino  
 ndawanikwa, ndasununguka kubva  
 pakupomerwa, (Marudzi ari kupamuka;  
 hazvina basa.)  
 Jesu anopa rusununguko neruponeso  
 rwakazara;  
 Ari kundiponesa, Ari kundichengeta kubva  
 kuchivi chose nekunyadziswa,  
 Anoshamisa Mudzikinuri wangu, rumbidzai  
 Zita raKe.

Oo, anoshamisa, anoshamisa, Jesu kwandiri,  
 Gurukota, Muchinda weRugare, Ndiye Mwari  
 Samasimba;  
 Anondiponesa, kundichengeta kubva kune  
 chivi chose nekunyadziswa,  
 Anoshamisa Mudzikinuri wangu, rumbidzai  
 Zita raKe!

Oo, fungai nezvazvo!

Ndakambenge ndakarasika, zvino  
 ndawanikwa, ndasununguka kubva  
 pakupomerwa,  
 Jesu anopa rusununguko neruponeso  
 rwakazara;  
 Kundiponesa, (ko chii chaAnoita?)  
 kundichengeta kubva kune chivi chose  
 nekunyadziswa, (kukwira pamusoro pachu)  
 Oo, anoshamisa Mudzikinuri wangu,  
 rumbidzai Zita raKe.

Zvino pamwe chete!

Oo, anoshamisa, anoshamisa, Jesu kwandiri,  
 Gurukota, Muchinda weRugare, Ndiye Mwari  
 Samasimba;  
 Handiti, anondiponesa, kundichengeta kubva  
 kune chivi chose nekunyadziswa,  
 Anoshamisa Mudzikinuri wangu, rumbidzai  
 Zita raKe.

Oo, madiro andinoita Jesu, (kubwinya!)

Oo, madiro andinoita . . .

Ndinofara kwazvo kuti ndakaponeswa! Ndinofara kwazvo  
 kuti ndakamirira Kuuya kwaKe!

Oo, madiro andinoita Jesu,  
 Nekuti Ndiye akatanga kundida.

Zvino nemaoko edu akasimudzwa, kana tichirevesa.

Handizombofi ndakaMusiya,  
 Handizombofi ndakaMusiya,  
 Handizombofi ndakaMusiya,  
 Nekuti Ndiye akatanga kundida.

<sup>163</sup> MunoMuda here? [Ungano inoti, “Hongu.”—Mupepeti]  
 Zvadaro munofanira kudanana. Nekuti, kana usingavade avo  
 vaunogona kuona kunyangwe pano, ko ungaMude sei Uyo  
 wausati waona? Ngatikwazisanei ruoko mumwe nemumwe, toti:

Oo, madiro andinoita Jesu,  
 Oo, madiro andinoita Jesu,  
 Oo, madiro andinoita Jesu,  
 Nekuti Ndiye akatanga kundida.

Handizombofi. . . (Simudza maoko ako  
kwaAri zvino. Ndizvozvo.) . . . kuMusi-,  
Handizombofi ndakaMusiya,  
Handizombofi ndakaMusiya,  
Nekuti Ndiye akatanga kundida.

<sup>164</sup> Chimbofungai, Akaita kuti chizaruro chikuru ichocho chizivikanwe nesu. HatiMudi here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti] Ko haAshamise here? [“Ameni.”] Tinotenda zvakadini nekuda kwaIshe wedu Jesu; haambotisiye. “Tarira, Ndinemi nguva dzose, kunyangwe kusvika. . .” Muri kufarira here *Mavhiki Makumi Manomwe ADhanieri?* [“Ameni.”] Oo, ko hatiMudi here? Ko zvinoita sei?

Kutenda kwangu kunotarisa kwaUri,  
Iwe Gwayana reKarivhari,  
Muponesi. . .

IngoMunamata, zvichibva pamwoyo wako.

Zvino ndinzwei pandiri kunamata,  
Bvisai zvivi zvangu zvose,  
ndiregei kubvira nhasi  
Ndive weNyu zvachose!

Apo pandinofamba muninga yehupenyu ine  
rima, (tese tinozviita)  
Uye kusuwa kwakandimomotera, (Hongu,  
Ishe.)  
Ingovai Imi mutungamiri wangu;  
(Nditungamirirei nemazviri, Ishe.)

O rairai rima rishanduke kuva chiedza,  
Pukutai kutya kwekusuwa kubve,  
Kana kundirega ndichizotetereka  
Kubva paMuri ndichitsauka.

[Hama Branham vanotanga kuimba mahon’era  
*Kutenda Kwangu Kunotarisa KwaUri—*  
Mupepeti]

Simba kumwoyo wangu uri kupera simba,  
Shungu dzangu mudzifemere;  
Rairai rima rive chiedza,  
Pukutai kutya kwangu kubve,  
ndiregei kubvira nhasi  
Ndive weNyu zvachose!

<sup>165</sup> O Jesu, tinoona kuti tiri kuswedera pedyo nechimwe chinhu. Isaya muporofita akange ataura nezvacho; Jeremia akataura nezvacho. Dhanieri akatarisa kumashure uye akaona izvo zvavakataura. Zvakakonzero mwoyo wake kuti udenhekane, uye aka—akataridza chiso chake Kudenga. Akatsanya, akapfeka masaga uye nemadota. Aida kunzwa, kuitira kuti agoyambira vanhu.

<sup>166</sup> Ishe, tinoona kubudikidza neMabhuku, zvekare, Bhuku reNyu, Bhuku raIsaya, Bhuku raJeremia, Bhuku raJakobho, Johane, Ruka, Marko, Mateo, Bhuku reZvakazarurwa, maBhuku eNyu ose, kuti tava pedyo nekuguma. Uye takataridza chiso chedu Kudenga, mumunamato, muzvikumbiro, kuti tiwane apo patiri kurarama, Ishe. Tinotanga kuona hutonga huchibuda. Uye, Ishe, tinouya kwaMuri. Kutenda kwedu kunotarira kwaMuri zvino. Tichiisa parutivi zvose zvinorema, chivi chose, kusatenda kwese kudiki uko kunokurumidza kutivhiringidza, tinomanikidzira zvino takananga kunharidzano yekudanwa kwepamusoro, tichiziva kuti nguva yedu ishoma.

<sup>167</sup> Ropafadzai vanhu ava vari muno, Ishe. VanoKudai. NdeveNyu. Ivo vabuda. Ndimi Uyo ari kuzarura. Tinonamata kuti Imi mugopa zvinhu izvi kwatiri apo takamirira paMuri.

<sup>168</sup> Tipeiwo masikati akanaka ekudzidza, Ishe. Tipeiwo kunzwisisa. Tidzosei zvekare manheru ano, tavandudzwa. Ishe, ndizodzei masikati ano, oo, apo pandinenge ndiri kunzvera, Ishe, kuitira chikonzero chakapetwa katanhatu ichi chekushanya kwaGabrieri. Dai Gabrieri akauya kuzoshanya uye opa dudziro yakapetwa katanhatu, Ishe, tinofanira kuiziva iyoyo. Tinodzidza neMabhuku uye toziva kuti tave pedyo. Saka tinonamata kuti Muchazvizarura kwatiri manheru ano.

<sup>169</sup> Svondo inotevera, Ishe, O Mwari, isaiwo mazuva acho imomo. Handizive kuti sei, asi Munokwanisa kutisvitsa panguva yacho chaiyo. Zviitei, Baba. Tiri kutarisa kwaMuri. Tinodanana uye Ropa raJesu Kristu, Mwanakomana waMwari, rakatichenesa kubva kuchivi chose. Tiri kutarisa kwaMuri zvino. Tibatsireiwo apo patinomirira paMuri, Baba, kuburikidza naJesu Ishe wedu.



*RAIRO DZA GABRIERI KUNA DHANIERI* SHO61-0730M  
(Gabriel's Instructions To Daniel)

MHARIDZO DZAKATEVEDZANA DZEMAVHIKI MAKUMI MANOMWE ADHANIERI

Mharidzo iyi neHama William Marrion Branham, yakaparidzwa kwokutanga neChirungu Svondo mangwanani, Chikunguru 30, 1961, paBranham Tabhenakeri muJeffersonville, Indiana, U.S.A., yakazotorwa kubva patepi yakarhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice Of God Recordings.

SHONA

©2021 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE  
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.  
[www.branham.org](http://www.branham.org)

## Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.  
[www.branham.org](http://www.branham.org)